ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№166 (22.824) • 2014 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 21, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Къэралым и Іэтащхьэм и унафэхэр нэхъ жыджэру зыгъэзащІэхэр

«Медиалогия» компаниэм бадзэуэгъуэ мазэм иригъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэм и Іэнатіэм хуэгъэзауэ УФ-м и Президент Путин Владимир къыдигъэкІауэ щыта указхэр гъэзэщІэным нэхъ жыджэру елэжь щІынальпщІым ящыщщ.

Дызэрыт илъэсым и мэкъуауэгъуэ мазэм республикэм къэкІуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий щыхуэзам щыгъуэ ди деж зэхъуэжІынигъэ къарэнхэр зэрыщыІэр, псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэм и щытыкІэр зэман кІэщІым къриубыдэу зэрыщІапщытыкІар къыхигъэщауэ щытащ Федерацэмкіэ Советым и Унафэщі Матвиенкэ Валентини.

*«Къэбэрдей-Балъкъэр» хъыбарегъащІэ агентствэ.*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр гъэлъэпІэным ехьэлІа гуфІэгъуэ Іуэхухэр гъэхьэзырын икІи егъэкІуэкІын мурадкІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр гъэлъэпІэным ехьэлІа гуфІэгъуэ Іуэхухэр гъэхьэзырынымрэ егъэкІуэкІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитет убзыхун икІи абы хэтхэр къэщтэн мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. КъызэгъэпэщакІуэ комитетым хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр гъэлъэпІэным ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІыну гуфІэгъуэ Іуэхухэм я планыр зэхилъхьэу кІищтэну.

3. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ**

**КІУЭКІУЭ Юрий**

*Налшык къалэ*
*2014 гъэм шыщхьэуІум и 18-м №97-РГ*

---

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм шыщхьэуІум и 18-м къыдигъэкІа Унафэ №97-РГ-мкІэ къыщытащ*

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэралыгъуэм и махуэр гъэлъэпІэным теухуа гуфІэгъуэ Іуэхухэр гъэхьэзырынымрэ егъэкІуэкІынымкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр

**КІуэкІуэ Ю. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэщ)*

**Чеченов А. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІыр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

**Алътуд Ю. Къ.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

**АфІэунэ А. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министр

**Бирюк А. А.** - Прохладнэ къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Битокъуэ В. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

**Васильев С. В.** - къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(зэгурыІуауэ)*

**Вербицкий А. И.** - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и Аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Дроздов И. П.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

**Емуз Н. Гъу.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министр

**Къалэ З. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхухэмкіэ управленэм и унафэщІыр

**Кладько И. Е.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкІэ и министр

**Къуэдзокъуэ М. М.** - Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Къумахуэ М. Л.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министр

**Марьяш И. Е.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэр

**Мишковэ И. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэр

**Муртазов Б. С.** - Шэрэдж муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Мусуков А. ТІ.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьынымгъэмкІэ и министр

**Пэнагуэ М. А.** - Тэрч муниципальнэ щІыналъэм и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

**Тутыкъу А. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупІэ-коммуналнэ хозяйствэмкІэ и министр

**Тюбеев А. И.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министр

**Уянаев К. Хь.-М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэр

**Фырэ Р. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэр

**Щыхьмырэз М. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр

**Шэт И. М.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр

# Хабзэжь хэкужь къранэркъым

● Лъэпкъ Іуэху

**Ди газетым зэрытетащи, Бурсэ щыІэ Кавказ Хасэмрэ Адыгэ Бзыльхугъэ Хасэмрэ къызэрагъэпэщауэ Бурсэ къалэ и Іэгъуэблагъэм адыгэ ныбжьыщІэ зыгъэпсэхупІэ щызэхашэри, дахэу екІуэкІащ.**

Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгеим, Къэрэшей-Шэрджэсым икІа ныбжьыщІэхэмрэ бысымхэмрэ.

КЪЭБЭРДЕЙ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфЫыІэ Мухьэмэд и жэрдэмкІэ КъБР-м щыщу лагерым ятъэкІуа ныбжьыщІэхэр щыщхьэуІум и 19-м я унэ къэсжащ.

А пІалъэм къриубыдэу Сирием, Тыркум, хэкум щыщ ныбжьыщІэхэр зэрыцІыхуащ, зэпсэльащ, хабзэм, диным, гъэсэныгъэмрэ унагъуэмрэ хуэгъэпса дерсхэм щІагъэдэІуащ, ешы ныбжьыщІэ цІыкІухэм я Іуэху еплъыкІэхэр къагъэлъэгъуэну, щІэныгъэлІхэмрэ дохутырхэмрэ упщІэ зэхуэмыдэхэр ираты-ну Іэмал яІащ.

Зы дакъикъ лей хэмыту зэхагъэува программэр гъэщІэгъуэнрэ щІэщыгъуэ защІэкІэ гъэпсат. Ипэ мазуэм щегъэжьауэ гупхэр адыгэ жылэхэм яшэурэ къуажэдэсхэр ирагъэцІыхуащ, хэхэс адыгэхэм я щыІэкІэ-псэукІэм нэІуасэ хуащІащ. Фыгъуэу щыІэр къыхуахьауэ къащыхъурт къуажэдэсхэм, хэкум и щІэблэр щалъагъуклэ, псэльнрэ хъыбар жыІэнкІэ замыгъанпІу, адыгэм зэрихьэлу, я Іэгуэр я Іэнэу къытпежьэрти, я нэпсыр ягъэпщкІуу дыкърагъэжьэжьырт.

Хабзэжь хэкужь къранэркъым. Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгэ республикэхэм я лЫкІуэхэм уэрэдрэ къафэкІэ зэхэухуэнауэ къызэрагъэпэщащ концертхэр Бурсэ къалэ, Мустэфа Кемал пэщэ жылэм щатащ. Лъэпкъым и хабзэр, бзэр, щэнхабзэр щагъэльагъуэ пшыхьхэм кърихьэлІэр, итхьэкъуауэ еплъыр адыгэхэм я закъуэтэкъым.

Зыгъэпсэхугъуэ зэманыр псоми ефЭкІыжырт, абдежырт ныбжьыщІэхэр нэхъ гъунэгъуу зэрыцІыхуну, зэхэтыну, зэпсэльэну Іэмал щаІэр. Апхуэдэуи ахэр щыІэну хунэсащ Мрамор тенджызым, Суутчи псыкъелъэм, бзухэм я жэнэт жыхуаІэм, сурэтыщІ Іэзэхэм я кІыщым, Истамбыл и Іэхэхьэлхэхэм, Босфор псы дэжьпІэм, нэгъуэщІ куэдми.

УщымыгуфІыкІын плъэкІыртэкъым хэхэс адыгэхэм я ныбжьыщІэхэмрэ хэкум икІахэмрэ япэ мазуэхэм Іэпэтэрмэшкіэ зэрыщІэу щытамэ, иужьрей махуэхэм мащІэ-мащІэуэ адыгэбзэкІэ зэпсэльэн зэрыщІадзам. Ар и щыхьэт нахуэщ зэхэухьэр къызэзыгъэпэщахэм я мурадыр къазэрехъуАІам, бзэм и Іэфіагъымрэ хабзэм и дахагъэмрэ щІалэгъуалэм нэхъ куужу зэрызыхьрагъэщІам. ЩІалэгъуалэ лагерыр и кІэм нэблагъэу щхьэж и унэ зэбгрыкІыжами, зэІуцІэр абдеж щиухауэ схужьІэнукъым, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, ныбжьэгъу зэхуэхьуа цІыкІухэм гупыкІыгъуейуэ сэлам щызэрахьыжьым хэкум ираха фэеплъ саугъэтхэмрэ ИнтернеткІэ зэрызэрыщІэну адресхэмрэ зэІэпахащ.

ЗэІуцІэр зэхъуэзыгъэпэщахэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, адыгэ ныбжьыщІэхэр ильэс къакІуэхэми зэІуагъэщІэну я мурадщи, дыщогугъ ар лъэпкъым и къэкІуэнум, хэхэсхэр хэкум нэхъ пэгъунэгъуэ хьужьным щхьэпэжьі.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Тырку Республикэ, Бурсэ вилайет.*

● Хъуэхъу

## *ШыщхьэуІум и 21-м ильэс 80 ирокъу мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор Хъаний Мирон Хьэгуцырэ и къуэр*



КъызыхэкІа лъэпкъми къэралми яхуэфащэ, абыхэм я къэкІуэнум хьэлэлу хуэлажьэ щІыху гъуэзэджэхэм ящыщщ Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и агроном, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Хъаний Мирон. ЗэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ а лэжьакІуэ емышыжьым иригъэкІуэкІ къэхутэныгъэхэр зэрыкупщІафІэм къыхэкІыу, пщІэрэ гулъытэ хлъагэрэ щагъуэт щІэныгъэм и дунейм.

ЩІэныгъэлІ щІэрыІуэм и Іэдакъэм къыщІэкІащ монографиеу тхылъ щхьэпэу 14, тхыгъэу 200-м щІигъу. ЖылапхъэфІхэр къызэрагъэкІ щІыкІэм теухуауэ абы итха лэжьыгъэфІхэр ди республикэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ щІыпІэхэми фІыкІэ къыщащІэ, къыщагъэсэбэп. Илъэс 58-рэ хъуауэ къэралым хьэлэлу зэрыхуэлажьэм папщІэ, Хъаний къыхуагъэфэщащ щІыхь, щытхъу тхылъхэр. Абы иригъэджахэм къахэкІащ щІэныгъэлІ ахъшрэзманхэр.

Мирон псом хуэмыдэу къаруушхуэ трегъэкІуадэ щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я къуэхым зегъэужьыным. Абы и унафэм щІэту аспирант 26-м я кандидат лэжьыгъэхэр пхагъэкІащ.

Хъаний Мирон дохъуэхъу узыншагъэ иІэну, и лэжьыгъэ купщІафІэкІэ дигъэгуфІэу иджыри ильэс куэдкІэ псэуну.

*ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академием хэтхэр.*

### Псыдзэм и Іэужьхэр

**Японием щы Іэ жэщ-махуэкІэ зэпымыууэ уэшхышхуэ къызэрыщешхам къыхэкІыу ятІэпсыр дэуащ Хиросимэ къалэм и уэрамхэм. Мазэ псом къриубыдэу зыемышхым хуэдиз къехащ а зы суткэм.**

Дуней къэхъуакъащІэ шынагъуэм, зэкІэ къызэратамкІэ, щІыу 35-рэ хэкІуэдащ, щІыхибгъу ягъуэтыжыркъым. Жэщыбгым фІэкІауэ къэхъуа гуэвэгъуэр щІыхьхэм я нэхъыбэм зыхащІакъым - псори жейрт.

ЯтІэмрэ мывэмрэ зэщІэлъу къезыльэсэха псыдзэм унитІ икъутапащ, куэдым зэран яхуэхъуащ. Уэрамхэм упхымыкІыфу щІыр щызэтрихьащи, къегъэлакІуэхэр гугъу йохь, дэІэпыкъуэгъу хэзыкІуэ щІыхухэм яльэмыІэсыфу.

ЯтІэпс иджыри къащІэуэнкІэ зэрыхъунум игъэгуэвэри, къалэ унафэщІхэм щІыху мин 65-рэ щІыпІэм пІалъэкІэ ирагъэІэпхъуКІыну унафэ къащтащ.

### Къэралым икІыжыну хуагъэув

**«Нью-Йорк таймс» газетым и журналисту Кабул щылажьэр къэралым икІыжын хуейуэ хуагъуэващ Афганистаным и правительствэм и унафэщІхэм.**

Газетым и репортёр Розенберг Мэтьюу иджыблагъэ къытрыригъэдза тхыгъэм зэрыщыжиІамкІэ, Афганистаным пІалъэкІэ лэжьэну правительствэ щІэзэхашэну загъэхьэзыр. Апхуэдэ хьыбар къыздрихамкІэ журналистым щыпкърыупщІыхьым, ар къыжезыІар хэІущІыну ищІын идакъым.

Афганистаным иджыблагъэ щекІуэкІа президент хэхыныгъэхэм псалъэмакъ къызэриКІам дыщыгъуазэщ. Абы щытекІуауэ къалъытэ Ахмадзай Ашраф Ганни, ауэ абы къыпэщІэта Абдулла Абдулла хьэгъэщагъэ къыкІэлъыІэзрахьауэщ зэрыжиІэр. Абы и телъхьэу Іэ зыІэтахэр къыщабжьыщ, щыуагъэхэр яІэщІэкІауэ кьелъытэ Абдулла. Иджы абы езым и правительствэ къызэригъэпэщащу зэрыжиІарауэ къыщІэкІынущ Розенберг тегъэщІапІэ ищІар, ауэ Іуэхур икъукІэ щІэзэхэзэрыхьа къэралым апхуэдэ тхыгъэ тебухуэ мыхъуну щытауэ жаІэ хамэ къэрал аналитик куэдым.

### Бардарбунг къэушащ

**Исландием щыІэ Бардарбунг вулканым и Іэшэлъашэм зыщыІэзыплъыхь, зыщыгъэпсэху туристхэр кърагъэІэпхъукІащ, ар къэушауэ щынагъуэ щыІэзэритым къыхэкІыну.**

А щІыпІэм пэгъунэгъуу къуажэ щІыбкъым, ауэ я нэгу зыщрагъэуэжыну, щыщкІуэну яфІэфІу илъэс къэс абы щІыху куэд макІуэ. Иджы вулканым екІуалІэ гъуэгу псори зэхуащІащ, щІыпІэр вертолёткІэ къаплъыхь, абы щІыху кьинарэ къимынарэ зрагъэащІэу.

Метр щыблым нэблагъэкІа щІым хэт вулканым и къаурыиужьрей дыдэу щигъэзагъуар 1447 гъэрщ. Иджы абы и мафІэмрэ гъуэзымрэ щІыхухэм зэран хуамыгъэхъун папщІэ кьеГъэлакІуэхэм зыхуэфащэ Іуэхухэр зэфІагъэкІ.

**ШыщхьэуІум и 21, *махуэку***

♦1561 гъэм урыс пащтыхь Грозный Иван (Иван IV Васильевич) щхьэгъусэу ишащ къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Мишащ).
♦1964 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и ЩІыхьбзхэм я V съезд екІуэкІащ.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 24 – 27-рэ, жэщым градус 21 – 23-рэ щыхьынущ.

**ШыщхьэуІум и 22, *мэрем***

♦Урысей Федерацэм и Къэрал пыпым и махуэщ
♦Коми Республикэм и махуэщ
♦1937 гъэм **КІыщокъуэ Пщымахуэ** дунейм ехьжащ.
♦1959 гъэм Тэрч къалэ лэжьэн щыщІидзащ налмэс Іэмэпсымэхэр къыщыщІагъэкІ заводым.
♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКЪУ-м и профессор **Къуащхьэ Іабу** къызэрапхуэрэ илъэс 87-рэ ирокъу.
♦Урысей актёр щІэрыІуэ **Башаров Марат** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, жэщым уэшх къыщещІыхьынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 24-рэ щыхьынущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● Узыншагъэ

## Къуажиплім щаухуэ

**Іуащхьэмахуэ районым и цІыхухэм хуащІэ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъым хэхъуэнущ. ЛэшкІуТІэ, Бейдыдж, Бахьсэн Ипщэ, Терскол жылагъуэхэм щаухуэнущ фельдшер-акушер Іуэхуащіапіэхэр.**

МЫ ЗЭМАНЫМ апхуэдэ Іуэхущ Іапіэхэм я унэхэр жьы хъуащ, щыІэ мардэхэм къезэгъыркъым. ЩІэуэ яухуэнухэм я пэшхэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуеину Іэмэпсымэхэмкіэ къызэгъэпэщауэ, псы хуабэри щІы-Іэри екІуалІэу щытынущ.

Фельдшер-акушер Іуэхущ Іапіэхэр щаухуэну щІыр къыхахащ, абы елэжьынухэри наІуэ хъуащ.

Апхуэдэ медицинэ Іуэхущ Іапіэхэр яухуэ «Къуажэхэм я социальнэ зыужьынигъэ» федеральнэ программэм хэту. Къэбэрдей-Балъкъэрым къыпэщылъщ узыншагъэр хъумэн ІэнатІэм и пэщІэдзэ къудамэхэм я лэжьигъэр зэтеухуэжьныр, абыхэм щІыхухэм фІагъ къагъ зиІэ медицинэ дэІэпыкъунигъэ щагъэуэтын хуэдэу.

**ТАРИМ Алисэ.**
*Іуащхьэмахуэ район*

● Аруан щІынальэ

## Еджапіэр къагъэщІэращІэ

**Гъэ еджэгъуэщІэр къэсыным къэнэжа махуэхэр къызэрагъэсэбэпыным хэтщ Аруан районым и еджапІэ ІэнатІэхэр.**

ПСАЛЪЭМ папщІэ, Нарткъалэ дэт курыт еджапІэ №4-м и унащхьэ зыхуей хуагъазэ. Ар метр зэбгъуэзнатІэ 700-м нызэрыхьэс пэтми, лэжьыгъэ нэхъ гугъуу хэлъыр зэфІагъэкІащ. Илъэс хуэд хуауэ щІыхуэ зэмыІуса унащхьэм уэшхыр къыпхыкІыу зэрыщытам епха гукъеуэм кІэ игъуэтагъэщ.

Абы елэжь «Строй-Универсал» ухуакІуэ компанием и къалэныр къызыхуэтыншэу икІи къыхуагъэува пІалъэм тету егъэзащІэ. УхуэныгъэхэмкІэ жэуап зыхьхэм школ щІыбыр зэрахьэнущ, щхьэгъубжэхэри яхъужьнущ. Ремонтым ехьэлІа лэжьыгъэ псори зэфІахауэ гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэнущ. Кьыхэгъэщынхъэщ, мы зэманым зыпэрыт Іуэхум къыдэкІуэу, спорт залыр зэрызэфІагъэкьари. Абы тралъэкІуэда мылькур щыпІэ бюджетым къыхагъэкІащ.

«Консерв заводым и хьэблэкІэ» эджэ мы щІыпІэм дэт еджапІэ №24-м Іэгъуэблагъэм щыпсэу сабийхэри, ГъунэгъУ жылэхэм къикІхэри кьокІуалІэ. Шэч хэлъкъым фокладэм и 1-м зи бжэщхьэу ебэкъуэну школ щІэращІэм ахэр зэрыщыгуфІыкІынум.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

## Феблагъэ цІыкІуи ини

● ХъыбарегъащІэ

ХьэтІохъэщокъуэм и жыг хадэу Налшык щыІэм пщэдей щрагъэжьэнущ махуищкІэ екІуэкІыну «ХьэтІохъэщокъуэм и хадэ» Дунейпсо творческэ фестивалыр. Ар яублэнущ сабийхэм я нэгу зыщрагъэужьыну концерткІэ, джэгукІэхэмкІэ. Мы зэхыхьэм сыхьэт 15-м щІидзэнущ.

ІуэхугъуэщІэхэр къыхэзылъхьэф ныбжьыщІэхэм ятещІыхьа ми фестивалым хуэдэ иджыри къэс Кавказ Ищхьэрэм щекІуэкІакъым. Архитектор, дизайнер, сурэтыщІ зэхуэсынухэм паркми Налшыки я теплъэр езыгъэфІэкІуэн, щІэщыгъуэ кьыщІэзыгъэхъун лэжьыгъэкІэ щогугъ.

Фестивалыр зи жэрдэмыр «ДАХЭ» Іуэхущ Іапіэрщ. Абы щылажьэ щІалэгъуалэм кьалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжащ ябгьнэжа сабий псычытыр къэгъэщІэрэщІэжьныр, мылъку куэд темыкІуадэу зыгъэпсэхупІэ паркым и щыпІэ хьэлэмэтэхэр нэхъри яГъэдэхэныр.

Фестивалым хэтынущ Осетие Ипщэм, Псыхуабэ, Ростов, Германием, Франджым къикІыну Іэщ Іагъэлі ныбжьыщІэхэр.

**Лъэпкъ Іуащыгъэ:**

**Мэзрэ мазэхэрэ уи щэху щумыІуатэ.**

**ТАУ Пщыкъан:**

# Захуагъэр, нахуагъэр, хуитыныгъэр бизнесым и лъабжьэ быдэщ

*2014 гъэм мэлыжьыхьым и 17-м КъБР-м и Іэтащхьэм къыдигъэкІа УказымкІэ, Парламентым Юлие и пІэкІэ, республикэм Хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитынытыгъэхэр хьумэнымкІэ и уполномоченнэу Тау Пщыкъан ягъэуващ.*

- Пщыкъан хьэрычэт лэжьыгъэ езыгъэкІуэкІхэм я хуитынытыгъэхэмрэ хабзэкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ хъумэным теухуа кьаанхэм уаэзэрыпэрыхьэрэ куэд щІакъым. Абыхэм гъунэ щІыпІэм псом япэу сытым уригъэгупсыса?

- Хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитынытыгъэхэмрэ хабзэкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ тхъумэм и мызакъуэу, къэрал властым и къудамэхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм, организацэхэм, кьулыкъущ Іэхэм абы и лъэныкъуэкІэ зэфІагъэкІхэри къэтпщытэн хуейщ. Къыщынэмыщ Іауэ, уполномоченнэм е бизнес-омбудсменым и кьаанщ хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитынытыгъэхэмрэ хабзэкІэ я сэбэп зыхэлъхэмрэ зыхъумэхэм я щІэгъэкъуэн жылагъуэ институтхэм ядэІэпыкъуну, хьэрычэтыщ Іэхэм я зэгухэныгъэм дэлэжьэну, хьэрычэт Іуэхум зэрызиужьыну къэрал политикэр щаубзыхукІэ икІи щагъэзащ Іэкі я Іэнатіэм и сэбэп зыхэлъхэр пхигъэкІыну.

- Урысейм хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитынытыгъэхэр щыхъумэнымкІэ уполномоченнэхэм я институтыр къызэрыуиэхуам и гугъу уэдгъэщІынут.

- Бизнесым папщІэ омбудсменхэм я институт щхьэхуэ къызэгъэпэщынымрэ теухуауэ «Урысейм и щІэгъэкъуэн» жылагъуэ организацэм и жэрдэмкІэ къыхалъхьа а Іуэхум УФ-м и Правительствэм илъэс зыбжанэкІэ щыхэпльащ. Иджырей Урысейм щыпэ обмудсменм аппаратым и лэжьыгъэр Экономикэмкі э министерствэм дежи 2010 гъэм щызэтраубгъуауэ щытащ. «Урысей-2012» инвестицэ зэІуІуІэр къыщызэІуихым, Путин Владимир къыхигъэщат бизнес гъэпсыкІэмкІэ 120-нэ увыпІэм дыкъикІыу 20-нэм дынэсын щхьэкІэ, лъэбакъуищкІэ ипэкІэ дыкІуэн зэрыхуейр. А лъабакъуэхэм ящыщт Хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитынытыгъэхэр хьумэнымкІэ уполномоченнэм процессуальнэ статус хэха етыным теухуар. Абы хъыхьэрт суд унафэм нэмысу Іэнатіэхэм я актхэр къызэтриГъэувыІэну хуит зэрищІри. «ПІалъэ кІыхьым тещІыхьа къэрал экономикэ политикэм и Іуэхукі э» 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м УФ-м и Президентым къыдигъэкІа Указ №596-м ипкъ иткІэ, 2012 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлІэу хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитынытыгъэхэр хъумэнымкІэ уполномоченнэм и институт къызэрагъэпэщащ. Иужькі э мэкъуэгуэтъуэ мазэм Санкт-Петербург щызэхаща 16-нэ къэрал зэхуаку экономикэ зэІуІуІэм Путин Владимир щыжиІащ, бизнес зэгухэныгъэм еЧэнджэщ нэужь, «Іуэху зезыхьэ Урысей» организацэм и унафэщІ Титов Борис Юрэ и къуэр федеральнэ омбудсменым и кьулыкъум ягъэувыну унафэ зэращІар. Илъэс дэмыкІыну Урысей Федерацэм Хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитынытыгъэхэр хъумэнымкІэ и уполномоченнэм и Іуэхукі э законыр къащтащ. Абы щІыгъуу щІыналъэм еймии къару игъуэтащ.

- Зыкъыфхуэзыгъаз, кьыфхуэтхъуэсыхэ хьэрычэтыщ Іэхэр сыт нэхъыбэу зыгъэпІейтейр?

- Си Іэщ Іагъэри си Іуэхущ Іафэри зытеухуар араущи, Іэнатіэ цІыкІуэмрэ куратхэмрэ зегъэужьыныщ Іа гугъуехьхэм фІыуэ сыщыгъуазэщ, хьэрычэтыщ Іэхэр зыхуэзэ Іэхэпощхьэпохэр зыхуэдэр сощІэ. Іэнатіэщ Іэми абыхэм куэду сащрохьэлІэ. Апхуэдэщ хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитынытыгъэхэр къызэрызэпаудыр, административнэ лъэпощхьэпохэр, законодательствам, къэрал дэІэпыкъунытыгъэ зэрыхухах щІыкІэм хэлъ щыщ Іэнатіэхэр къаІэуэ. УФ-м и Президентым дежи Хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитынытыгъэхэр хъумэнымкІэ щыІэ уполномоченнэм илъэс къэс игъэхъэзыр и докладым абы къриКІуэр кхыхощ: «къэрал бизнесым щыкІэроху, ди бжыгъэм хощІ, хьэрычэтыщ Іэ куэдым я Іуэхур хыфІадэзэри, нэгъэущІ хэкІыпІэхэр къалъхьуэу».

- Уи лэжьыгъэр сытым нэхъ тебгъащІэрэ?

- Ар унэтІынытІитІым - зи хуитынытыгъэхэр къызэпауд хьэрычэтыщ Іэхэм я Іуэхур зэфІэхъныкъмрэ бизнесым зэран хуэхъу Іэпощхьэпохэр гъэмэщ Іынымрэ тызощІыхь. А щыкІэм тетУ, «Прохладнэ» сату пщІантІэ» ОЛО бззэрым и лэжьэкІэм теухуауэ цІыху щхьэхуэхэм, гуп зыбжанэм я тхьэуасхафэхэм хуэфащэ унафэ къахуэдгъэтащ, туф гъэшІэпІэ зыухуэнухэм щы Іыхьэ хъредгъэтащ, цІыхухэр транспорткІэ къезышэкІэхэм дакъыщхьащжащ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм щІыгъуу, къэралым и Президентым деж Хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитынытыгъэхэр хъумэнымкІэ щы Іэ уполномоченнэр иджыпсту йолэжь мылъкум и кадастр уасэр зыхуэдизым елъытауэ дяпэкІэ налогыр къызэрабжьнум теухуауэ НалогымкІэ кодексым хальхьа зэхъуэкІынытгъэхэм къашэкІэ хъуну гугъуехьхэр зэрагъэзэщІынэу псэуалъэм нэхъ мащІэ дыдэу хуэзэ уасэр гъэбелджылыным, я хуитынытыгъэхэр кьагъэсгъэпу псэуалъэ къэзыщхэу организацэхэм налогыр ящхьэщхьыным, бджэндым пщІауэ бизнес Іуэху зезыхуэ Іэнатіэхэм льготэ яхуэгъэувыным теухуахэр. Федерацэм и Щ Іналъэхэм я уполномоченнэхэри абыхэм йолэжь. Псалъэм папщІэ, къызэдгъэпэща эксперт гупым кьыпэщІтщ Налогымкі э кодексым хальхьа зэхъуэкІынытгъэхэм социально-экономикэ щытыкІэр зэрыпІэхъунур зэпалъытыну, хьэрычэтыщ Іэхэм я зэгухьныгъэхэр ящІыгъуу, льготэхэр нэхъ езэгъэрабгъуу зэраубзыхуну щыкІэр ягъэбелджылыну.

Налогым зэрыхагъахъуэм кІыщэнкІэ хъуну зэІуміубзыныгъэхэр кІууэ зэпкърыхьыш зэрыхуэйр кьыщигъэльэгъуа ди Іуэху еплъыкІэхэр Урысей Федерацэм и Прокуратурэ Нэхъыщхьэм Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм щІэ хэщІапІэм деж хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитынытыгъэхэр хъумэнымкІэ къыщызэрагъэпэща Іэнатіэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хуедгъэхьащ. Бджэнд зэхущытыкІэхэм, агропромышленнэ комплексым игъуэт къэрал дэІэпыкъунытыгъэ зыхуэхэм пыщІа Іуэхугъуэхэр ди республикэм щынэхъ ткІийщ. Кьыдэрыт-лъэтэмкІэ, мылъкур зэрыстрагуашэ щыкІэр нэхъ зэІуихуэ, гурыІуэгъуэу, захуагъэ хэлъу кьызэрагъэпэщыпхъэщ.

Мы зи гугъу сщІахэр хьэрычэтыщ Іэ Іуэхум хэлъ гугъуехьхэм я зы Іыхьэ мащІэщ. Лъэпощхьэпохэр кьызэрэкІыным, республикэм Іэнатіэхэр зэпІэзэрыту щынэтІыным щІэщ лъэжьыгъэхэр убзыхуным властым и къудамэхэмрэ бизнесым зэгухьэныгъэхэмрэ зэуІуу егугъупхъэщ.

- Уи лэжьыгъэм сыт нэхъыщхьэу къыщыпІытыгъэ?

- Ахэр законкІэ щІэгъэбыдащ. Апхуэдэщ захуагъэр, цІыхугъэр, нахуагъэр, гуапагъэр, пэжагъэр, хьэрычэтыщ Іэхэм я правахэр, я хуитынытыгъэхэр, хабзэкІэ я сэбэп зыхэлъхэр къызэрагъэпэщыну икІи яхъумэну зи пщэрылъ къэрал органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэныр. Мыри щІызгъужьнут. И къаланхэр щигъэзащ Іэкі э, Уполномоченнэм и Іуэхум зыри хэІэбэркъым, зи унафэ щІэтыр Кьэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и закъуэщ.

- ДэІэпыкъуэгъуэр уиІэ?

- Эксперт, Жылагъуэ советхэр къызэдгъэпэщащ. Абыхэм я къаланхэ нэхъыщхьэр законодательствэр егъэфІэкІуэныныр ар къызэрагъэсэбэп щІыкІэмрэ теухуа Іуэхугъуэхэр гъэхъэзырыныр, хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитынытыгъэхэр къызэпызыуд ныкъуасныгъэхэр, лъэпощхьэпохэмрэ коррупцэ хуэмэбжьымэхэмрэ къызыхэкІ щхьэгъэжьІыныр, Уполномоченнэм и илъэс докладым елэжьныр щ. Советхэм хэтщ властым и къудамэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, къапщтэмэ, «Іуэху зезыхьэ Урысей», «Урысейм и щІэгъэкъуэн» урысейпсо организацэ инэхэм, Промышленникхэмрэ хьэрычэтыщ Іэхэмрэ я союзым я лЫкІуэхэр, бизнес Іуэхум зэфІэкІ щызиІэхэр. Кьищынэмыщ Іауэ, мунициональнэ район псомэ Уполномоченнэм жылагъуэ лЫкІуэхэр щиІэщи, абыхэм зыхуагъазэ хъунущ. Юрист Іэзэу 9-м зэгурыІуэныгъэкІэ дадолажьэ, хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитынытыгъэхэр нэгъэсауэ, лъэныкъуэ псори кІиубыду, пэжу зэхэдгъэкІын папщІэ, аэр хъарзынэу кьыддоІэпыкъу. Жылагъуэ жэрдэмхэм я центр кьызэгъэпэщыным и Іуэхуми догупсыс. Ар нэхъыщхьэу залажьынур къэпщытэнныгъэхэм, коррупцэм пыщІауэ хьэрычэтыщ Іэхэр зыгъэпІейтейхэр зэхэгъэкІынырщ.

-Тхъэусыхафэхэм фызэрыхэплъэ щІыкІэм дыхэбгъэгъуэзамэ арат.

- Законодательствэм къызэригъэувыну тету, а лэжьыгъэр къызыдогъэпэщ. Ди официальнэ сайтым щызэбградеІэха щапхъэр я гъуазэу, тхауи, электрон Іэмэлкі и тхъэусыхафэхэр кьыдат хъунущ. Апхуэдэу, езыхэми дахуоэ. Тхъэусыхафэхэм дыщыхэпІъэкІэ, дыхуей хъумэ, экспертхэр Іуэхум хыдошэ. Зэрыдубзыхуам хуэдэу, Уполномоченнэм и деж къыщызэрагъэпэща жылагъуэ организацэхэм хэтхэм махуэку къэс сыхьэт 14-м къыщыІэдзауэ щІыхьэр ирагъэблагъэ. Арами, УФ-м и Президентым деж Хьэрычэтыщ Іэхэм я хуитынытыгъэхэр хъумэнымкІэ щы Іэ уполномоченнэм зэпымыууэ лэжьэну и хэщІапІэ къызэІуихын зэрыхуейр къыхыдогъащ. Ар Путин Владимир и накъыгъэ указхэм ящыщ зым щыгъэбелджылащ.

- Фи хэщІапІэр здэщыІэр сыдэжепІамэ арат, Пщыкъан.

- Налшык Кулиевым и цІэр зезыхьэ уэрамым тет 7-нэ унэм дыщолажьэ.

*Епсэльар* **БИЩІО Майец.**

● Хэхъыныгъэхэр-2014

# Революцэрэ зэрыхьзэрийрэ хэмыту социализмэм хуэкІуэныр ди плъапІэщ

Кебеков Владимир

**Дэтхэнэ политикэ партми цІыхубзм я деж пщІэшхуэ щиІэн папщІэ сэбэп зэрыхьыр Іуэхукі э кьигъэльэгъуэн хуейщ. Апхуэдэу партым и зэфІэкІыр елъытащ абы и пашэм хэлъ егугъуныгъэмрэ тегушхуэныгъэмрэ. Абы и лъэныкъуэкІэ къапщтэмэ, зыпэрыт Іэнатіэм нэгъэсауэ хуэфащэу къэплъытэ хъунущ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партым и щІыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и тхъэмадэ, куэдым ящІыу и щІыналъэ-политикэ дэжьакІуэ, бизнесым, хозяйствэ зехьэным тэмэму хэта, Урысейм щІыхь зиІэ и энергетик, Урысейм щІыхь зиІэ и уэуакІуэ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыІэм и унафэщІ Кебеков Владимир. ЗэрыгурыІуэгъэущи, Парламентым и депутатхэм я кандидатхэм я спискэу а партым къигъэльэгъуам Кебеков Владимир ялэ увыпІэр щиІыгъщ. Нобэ ар топсэльыхь дызыхэт лъэхъэнэм партым и къалэн нэхъыщхьэу къыльытэхэм.**

«ЗАХУАГЪЭ здэщыІэ Урысей» партыр парламент хэхынигъэхэм пхыкІащ икІи езым и фракцэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм къыщызэригъэпэщащ. Абы кьыхэкІыу зыхуэфащэ жэрдэмхэр кьиІэтын икІи пхигъэкІын папщІэ, партым Іэмал лъэщхэр иІэщ. Апхуэдэ увыпІэ дыдэ ди партым Къэбэрдей-Балъкъэрми щиІэщ - ди псалъэхэр гунэс ящьхьэри, республикэм и хэхакІуэхэм ящыщ куэд дэ кьыткъуэващ икІи иджы «Захуагъэ здэщыІэ Урысейм» и лЫкІуэу КъБР-м и Парламентым депутатибгъу хэтщ. Фи фІэщ зэрыхьри, ахэр депутат нэхъ хуэмыхуэм ящыщыбмэ. Дэ иджыпсту зекІуэ законодательствэм къыщыгъэльэгъуа хуитынигъэ псоригъэсэбэп ди лъахэгъуэм я гъащІэр нэхъыфІ тщІын папщІэ. Парламентым абы и лъэныкъуэкІэ зы Іуэхуи къыщалэтырыкъым, дэ къызэрыщыхъумрэ ди бгъэдыхьэкІэмрэ утыку къыдмыльхьэу. Социальнэ мыхьэнэ зиІэ кьалэнхэм я гугъу пщІымэ, дэ сытым джаи абыхэм икъуэкІ егупсысауэ дабгъэдохьэ, сыту жьІпІэмэ жылагъуэм и деж-кІэ зи чэзу кьалэнхэр дэгъэкІынырщ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и мурад нэхъыщхьэр.

Дэ парламент утыкум дыкъыщыпсалъэ къудейм кьыщынэрыкьым, фракцэм хэт дэтхэнэ зы депутатри жыджэру щІобэн и Іуэху елтыкІэр зэрыпхигъэкІынын. Пэжщ, ди гупыр зэрымащІэм кьыхэкІыу ди зыхуэдгъэуэбыж кьалэнгъэ щытхъуцІыкІэмкІэ кудрэ кьохъу. Абы кьыхэкІыу, партым и фракцэр жыджэру зэпІэзэрыту, тэмэму лажьэми, зыхуэдгъэувыж Іуэхугъэр нэхъ нэгъэсауэ гъэзэщІа хъун папщІэ, ди лЫкІуэу КъБР-м и Парламентым УФ-м и Къэрал Думэми нэхъыбэ зэрыпхыдгъэкІынын зэпымыууэ дыхущІэкъунущ. Партым и мызакъуэу, абы зэрыщыту къэралым, цІыхубэм я фейдэ хэлъщ, ауэ ар дэтхэнэми дауэ кьызэрыгурыбгъэІуэну?

Тыдэм и деж-кІэ кІыхь дыдэу щымыІ лъэхъэнэм къыпэрыбдэу ди партым хуэзэфІэкІащ и политикэ мыхьэнэр зэрыиныр кьиІэльэгъуэн. Иджы ар псоми къальытэ, ди мурадхэр цІыхубэм кьыддаІыгъ, кьыхэтлъхэ Іуэхугъэр тэмэму кьалъытэ. Мис а псоми кьыхэкІыу сэ кьызолъытэ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым цІыхубэр хэзныкьуэу. Ди лЫкІуэхэр республикэм и Парламентым зэрыхэтым, ди фракцэ законхэр кьыдэзыгъэкІ орган нэхъыщхьэм зэрыщылажьэм кьегъэльагъэ ди партым политикэ зэфІэкІ ин зэрыбгъэдэлъыр.

Утыкум псалъэ хэІэтыкІахэр щыгъэІуным, зэрыжаІэу, пцІым фІыщІэ хэхным дэ зи дрителъхьэу щытакъым. Ятп махуэхэм щегъэжьауэ фракцэм хэтхэм я кьару псори ирахьалІэ цІыхубэм я сэбэп зыхэлъ законхэр гъахьэзыныным. Абы цІыхухэм гу лъамытэу кьаназрькъым. ХэхакІуэхэм гуапэ ящохъу Іэ щІаІэта депутатым мыхьэнэшхуэ зиІэ лэжьыгъэ зэрыригъэкІуэкІыр щалъагъуІэ. Иужьрей хэхыгъуэм ди фракцэм игъэхъэзырыр Парламентым законопроект зыбжанэ кьыщыхьытхьащ, законхэр кьыдэзыгъэкІынымкІэ жэрдэмхэр кьиІэтащ.

Депутатхэр псом хуэмыдэу жыджэру хэтащ парламент едэІуэныгъэхэм, зэІуІуІэ щхьэхуэхэм Правительствэм щылухуах зэманым хиубыдэу ирагъэкІуэкІ псалъэмакъхэм, нэгъэущІ зэхьхьэжьим. Жэрдэмыншэу дыщытащ дэ зым къыдиудэкІыфыну кьыщІэкІынкъым. Партым хэтхэр цІыхубэм я гъащІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэза сыт хуэдэ лэжьыгъэми жьыджэру бгъэдэтщ. Абыхэм гъэзэщІакІуэ власткъэ и нЫкъуэсанытхэр ящыщыкІ цІыхубэ-кІуэу, дэтхэнэ гугъуехьри дэгъэкІынымкІэ Іэмал пыухыкІэхэр кьыхалъхьэ. Апхуэдэу екІуэкІащ республикэм узынщагъэр хъумэнымкІэ и Іэнатіэм, къэралым Іэщ Іэлъ цІыхубэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі Іэхэм я лэжьэкІэм теухуа псалъэмакъэр. Апхуэдэм деж дэ дызыхущІэкъур утыкум зы кьыщыщІэльэгъуэныркъым, атІэ республикэм псоугъэр щегъэфІэкІуэнымкІэ властымрэ управленэмрэ я органхэм хьэрэмыгъэнщэу защІэгъэкъуэныщ. Гурыгъэгъуэ абы и лъэныкъуэкІэ дэ ди полномочиехэр тІэкІу зэрымащІэр, парламент чэнджэщэри зыми ямыгъэзащІэу языныкъуэхэм деж кьызэрынэм и цІэр зезыхьэ ящущ.

Куэдым кьыджаІэ нобэрей махуэмэ блэкІа зэманымрэ здгъэпщэну. Абы теухуауэ кьэзгъэльэгъуэну сызыхуейр мыращ: республикэм зэман нэхъыфІи иІащ, промышленнэ предприятхэр щэщІауэ лажьэу, Іэщ хъушэхэр хъупІэхэм изу, гъавэр багъэуэ, цІыхум кьаІэрыхьэ сомми и пщІэр лъагэу. ГъащІэми и лъабжьэр напэмрэ цІыхугъэмрэщ. Псоми зэрыгупльагъущи, иджы куэдым зихуэжащ. Ди гугъуехьхэм я нэхъыбапІэр кьызыхэкІри, ящыныкъуэ аналитикхэм зэрыжаІэм хуэдэу, унафэщІэр зэрызэкІэльымыкІуэм и закъуэкъым. Нобэ дызыхэт Іуэху зэІуміубзэм ящыщ куэдым я кьежьапІэр кьыщыльытхъэпхъэр егупсыси кьеплъэкІи хэмыту промышленнэ предприятхэр приватизацэ ящІу щыхуежьауэ щыта гъэзэщІ.

Нэхъ щхьэтечу жысІэнщ: совет лъэхъэнэм дзэ-промышленнэ комплексым кьахъэ предприятэу республикэм щыІэхэм цІыху мин 60 хуэдиз щылажьэу щытащ, апхуэдэу щыщыткІэ, а Іэнатіэм унагъуэ мин 60 зыхэпсэукІынкІэ кьызэригъэпэщыт. Мис а предприятхэр, абыхэм Тырныауз и вольфрам-молибден комбинатри яхэту, федеральнэ мылъкум кьыхагъэкІыу республикэ мылъкум кьызэрыхагъэхьар стратегие щыуагъэшхуэу щытащ. АбыкІэ кьуанщагъэ зыбГъэдэлъыр КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэрщ, а зэманым абы закон мыхъумыщІэ кьызэрищтащ. Дзэ-промышленнэ комплексым хиубыдэ предприятхэр федеральнэ мылъкум хэту кьэзыгъэна щІыналъэхэм я Іуэхур нэхъ дэкІащ, сыту жьІпІэмэ, я Іуэхущ Іапі Іэхэр холдинг, корпорацэ хуэдэхэм хагъэхьэри, лажьэу кьызэтенащ икІи иджыпсту заказ зэмыльужьеІуэхэр ягъэзащІэ. Абы и лъэныкъуэкІэ уеплъмэ, уигу кьэмыкІыжьІпІэр иІэкъым предприятэ инхэр хъунщІэпсынщІэту зэрызэхуащІам республикэм и унагъуэ минищІкІэр гуэвэгъуэ зэрыхидзар.

Псальэм кьыдэкІуэ жысІэнщи, апхуэдэ предприятэр иджыпсту пхуегъэжьажьну зыгъэзыІуэхэр щыІащ. Сэ си щхьэкІэ сатоукІытыхь яхуэмыгъэзащІэну апхуэдэ Іуэхухэр утыку кьизыльытьхьэм. Си гугъэмкІэ, апхуэдэ псалъэ тарэфарэхэмкІэ ди цІыхухэр кьакъыщІэльэгъуэ щыта зэманыр блэкІащ. «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» политикэ партми абы и республикэ зэманым зэи яхуэмыгъэзащІэну Іуэхухэмкі э цІыхухэр ягъэгугъэркъым. Мис арауэ кьыщІэкІынщ партым цІыхубэм я деж щІэ пщІэм зэпыныууэ щыхьхьуэр.

А зэманым мыхъумыщІагъэ куэд кьыщыхуящ мэкъумэшІэнэмі. Властым и органхэм егупъыныгъэ халъхьакъым колхозхэмрэ совхозхэмрэ кьызэтегъэнэным. Ди гъэнэгъу щІыналъэ куэдым я унафэщІхэр а кьалэн мытынщым пэпъэщащ, апхуэдэу щыщыткІэ, ди дежи абы папщІэ зыхуэфащэ хэкІыпІэхэр щымыІауэ пхужьІэнукъым. ИкъуэкІэ щыугъэзащ Іуэхущ щІыр абы телэжьыхь мэкъумэшыщІэхэм зэрыхуямыгъэшари. Ауэ кьытебгъэзэжу абы уэхэпльэжыну иджыри кІасэу кьыщІэкІынкъым.

Иджыпсту кьуажэм щыІэ гугъуехь нэхъ ин дыдэр лэжьэфынуэр зэрыпхыкІыдырщ, ауэ ахэр зыпэрыувэн Іэнатіэхэр зэрыщыльэрщ. Абы кьыхэкІыу кьуажэхэм кьыщеезэгъын программэ пыухыкІахэр зэхэпльэапхъэщ. Дэ социализмэм дритепльэщ, абы кьыхэкІыу кьуажэм лэжьапІэщагъэр икІащІыпІэкІэ щыгъэкІуэдын хуейуэ кьыхыдолъхьэ. Дэ кьыдольытэ гъавэм, лыМ, гъэшым, нэгъэущІ мэкъумэшхэкІэм елэжь предприятэ мыинхэр кьызэІухын хуейуэ, дэтхэнэ зы мэкъумэшыщІэми и Іэдакъэщ щыкІэр уасэ тэмэмкІэ ищэфын папщІэ. Кьапщтэмэ, иджыпсту лыр пщэну икъуэкІ гугъущ. Псоми зэрыгущІэхщи, куэд щІакъым лы комбинат хэІэтыкІауэ ягъэльапІэу Налшык кьалэм кьызэрыщызэІуихэр. Ауэ абы и зэфІэкІыр щыкІу дыдэщ, а зэфІэкІ машІэри къахуэгъэзэфыркъым. Куэдкъэзэхэм мылъкуэр къарууэ куэд трагъэкІуадэу кьагъэхъуэ Іэщыр фейдэ лъэпкъ ямыІэу сондзэкрэхэм иращэн хуей мэхъу. Мы Іуэхур тэмэму, лъэныкъуэ псоми я фейдэ хэлъу зэтрагъэуватэмэ, Іэщ гъэхъуным куэдым зэрызратынум щэч хэлътэкъым.

Дэ ди кьалэн зэхъыщхьэр социализмэм и лъэхъэнэм щыІа хэкІыпІэфІэр зэтеГъэувэжьнырщ, абы хэлъа мыхьэнэ-щІагъэхэр кьэмыгъэхьэнырщ, нэгъэущІу жыпІэмэ, цІыхугъэмрэ напэмрэ зи пльабжьэ, цІыхум хуэлажьэ социализм зэтеГъэувэнырщ, нэхъ пльухыкІауэ жысІэнщи, дэтхэнэ зы цІыхуми и Іуэхухэр дэгъэкІынымкІэ телажьэ зэхэтыкІэ кьызэгъэпэщынырщ. Абы пхузэфІэмыгъэкІыну зыри хэлъкъым. Фелпъыт Швецием щыІэ социализмэр зыхуэдэм, абы цІыхур зэригъэпсэум! Нэхъыщхьэ дыдэр араущи, ди кьэзыгъэ социализмэм и лъэхъэнэм игъэкІуэн абы хуэдэу я кьэкІуэнум тегуэзвыхьу щытакъым.

Гупсысэ хэлъ щыІэмэ, ди къезгъэгъэзэжьынт а зэманым щыІа ерыщэжкІэм. Кьэгъэугъэльэгъуэ совет лъэхъэнэм щыІа егъэджэкІэмрэ гъэсэкІэмрэ дуней псом зэрыщынэхъыфІар кьэзымылытэу, ауэ гъэщІэгъуэныр аркъэ, ар зэтрагъэувэжьын папщІэ зыри ялэжьырыкъым. Уеблэмэ егъэджэныгъэр нэгъэущІ лъэныкъуэкІэ ирагъэнтІэкІ, гъэунэхуныгъэ зэмылІэужьыгъэхэр кьагупсысуру. Ди партым кьищтэркъым ЕГЭ фІащауэ ирагъэкІуэкІэри, Егъэджэныгъэмкі э кьэралыкъм и министерствэм иджыпсту и Іэтащхьэри икІи апхуэдэ Іуэху еплъыкІэр федеральнэ Іэнатіэм мызэ-мытІуэ щыжиІащ.

Апхуэдэу, чэнджащэ лъэпкъ хэмылъу, сэ кьеазгъэгъэзэжьынт нэхъыжьхэм щІэшхуэ зэраІам, лъэпкъхэм, динхэм яку дэлъа зэдэлэжьэныгъэм, дэтхэнэ зыми еджэну, щэнхабзэм и Іуэхутхъэбзэкъэ кьигъэсэбэпыну, и сабийр садым игъэкІуэну хуэзфІэкІыу зэрыщытам. Сэ хуабжьу сигу ирохь а псоми партыр зэІухауэ зэрытепсэлъхьэжьащ, а гупсысэкъэ ди Іуэхур зэрыщІэкІ. Ауэ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и Іуэху зехьэкІэм дагъуэ гуэр хуэсщІ нэужьмэ, партым хэт дэтхэнэ зыми хуэдэу, сэ абы зэІуихуэр дэтхэнэ утыкум сыщытепсэльыхьыныну хуитынытыгъэ сиІэщ.

Нэхъ пыухыкІауэ кьэзгъэльэгъуэну сыхуейщ «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и фракцэу Къэрал Думэм щылажьэм зэманхэр гъэхьэзырыныкІэ зэфІигъэкІхэм. 2014 гъэм и гъатхэ сессие закъуэм и лъэхъэнэм кьриубыдэу ди депутатхэм зэманхэр гъэхьэзырыныкІэ жэрдэмэ 141-рэ кьыхатхьащ. Ар машІэрэ куэдрэ кьэзгъэльэгъуэн папщІэ жысІэнщи, Къэрал Думэм хэт ди депутатхэр 64-рэ хьууэ араущ, КПРФ-м и депутатхэр 92-рэ мэхъури, законопроектэ 78-рэ, «Урысей зэкъуэтым» и депутат 237-м законопроект 226-рэ кьыхалъхьащ.

Апхуэдэ бжьгъэхэм ди депутатхэм я жыджэрагъыр наІуэ кьащІ пэтми, ар дэ едгъэкІуэкІ лэжьыгъэм и унэтІынытІэ нэхъыщхьэ дыдэу къэтпльэгъуэ. Ди дежкІэ нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэр законопроектэм я купщІэрщ, абыхэм яІэ социальнэ унэтІынытыгъэмрэ социальнэ мыхьэнэшхуэ зиІэ хъэхэтпльхьащ кьалэ округхэмрэ муниципальнэ районхэмрэ щІыпІэ унафэр зэрыщІэзэрагъакІуэр кьэгъэщІэрэщІэкъым хуэунэтІа законопроект. Ди партым кьеГъэуф дэтхэнэ бюджет Іэнатіэми налог лъабжьэ нэс иІэн хуейуэ. Абы и лъэныкъуэкІэ ди муниципальнэ щІыналъэхэм я Іуэхур эзкІэлъымыкІуэщ - мылъкум и кэхыпІэкІэр зэрымащІэм кьыхэкІыу абыхэм ябубзыхуфырыкъым щІалэгъуалэр ящэсэнымі, жьыкІэфхэкІэр гъэпсынІэным, хуэмыщІахэм защІэгъэкъуэным хуэгъэзэ программэ, кьалэн пыухыкІахэр. Здынэсар араущи, муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэм щІыдзэкІуэ щІадзащ, абыхэм зыкІи зэрадэмыІэпыкъуфым кьыхэкІыу. Апхуэдэ щытыкІэм щІыналъэ властым и пщІэр хуабжьу егъэльагъэ. Мис а псоми ІупщІу кьэгъэльагъуэ ди законопроектыр хуабжьу сэбэп зэрыхъуфынур, ауэ зэкІэ ар тхупхыгъэкІыркъым.

Иужьрей сессием ди депутатхэм кьыщыхальхьащ «УнафэщІхэм я ядэІэпыкъунымкІэ дяпэкІи лэжьыгъэхэр я Іуэхукі э» законопроектыр. Ари икъуэкІ игъуэу кьызэрыгІэтар кьызыгурымыІуэ кьэгъуэтыгъуейщ. Абы кьыщыгъэльэгъуа мардэхэр сэбэп хъунущ зи гугъу тщІы унагъуэхэм я псэуПІэхэр егъэфІэкІуэнымкІэ, сабийуэ кьалъхур нэхъыбэ щІынымкІэ. Апхуэдэ законопроектэхэр куэд мэхъу.

Сэ си жэрдэмкІэ УФ-м и Къэрал Думэм кьыщыхэтлъхьащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм зауэм кьыщрата наградэхэм папщІэ пенсэхэм ахъшэ яхущІигъуным теухуа законопроект. Ар Урысейм и Жылагъуэ палатэмэ кьыдидзыгъащ. Сэ унафэ сщІыуэ щытамэ, кьалэнхэ ахъшэм е пенсэм яхущІигъунт орденхэмрэ медалхэмрэ зиІэ псоми, а наградэхэр кьыщахьам емыльытауэ. Сыту жьІпІэмэ, къэралыр наградэхэр зиІэхэр дэ псори дыззэригъушхэу щІыхухэрщ. Ахэрщ къэралыр япэкІэ зыгъэзІуатэр, абы щІэгъэхъэбжьауэ икІи зэпІэзэрыту зезыгъэужьыр. Ауэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, ди бюджетым ар хуэзэтынукъым, абы кьыхэкІыу зэкІэ зи гугъу тщІыр зауэм и ветеранхэрщ. ИкІи къэралым езым и хъумакІуэхэм пщІэ яхущІыр пэжмэ, абыхэм наградэхэм папщІэ хущІагъэну ахъшэ мащІэр щІызэригъэзэхуэн щІыкІэным. «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и фракцэу Къэрал Думэм щылажьэм си законопроектыр щызэдиІыгъащ икІи ар ГъэзэщІынэм текІуэдзэнрэ зыхуэдизыр Урысейм и Правительствэм кьебж. Сэ хуабжьу сыщогуфІ дызыхуэкІуэ бжьыхь эсесием а законыр Къэрал Думэм кьищтэну.

ИрагъэкІуэкІа пхъидзэм ипкъ иткІэ, пщІэншэу тыдодзэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр зэрыхахым теухуауэ» КъБР-м и Законым и 48-нэ статьям и пункт 15-м тету.

● Электросетхэр

# Къэбэрдей уэрамым йолэжь

**Налшык щылэн Къэбэрдейм и цІэр зезыхьэ уэрамым щрагъэкІуэкІ зэгъэпэщІыжьныгъэ лэжьыгъэхэм хьыхьэу, тхк ІапсэхэрэщІэкІэ зэрахъуэкІ.**

«Къэббалъкъкоммунэнерго» Іуэхущ Іапі Іэм и унафэщІ Къарэ Муртаз зэрыжиІамкІэ, лъэс зекІуэпІэхэм щынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщыныр я кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ. Абы папщІэ, Свободэ, Мало-Къэбэрдей, Чеховым и цІэр зезыхьэ, Революционнэ уэрамхэмкІэ къикІ тех кІуапІэхэр зэрагъэпэщыж. Нобэ ирихьэлІэу щыІэм и лейуэ пкъо щыщкІуэ ягъэуващ, фэ зытелъ кІап

Экономикэ Политикэ

# Махэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Іуэху еплъыкІэ

# Европэр нэхъри йохуэх

**Америкэм Европэр еущий Урысейм нэхъри къытрикъуэну. Ар ди къэралым зэримыдэнур къигъэлъэгъуащ ЕС-мрэ Америкэм «дежьууа» нэгъуэщІ къэралхэмрэ ерыскъы кърамышыну игъэуври. Апхуэдэ Іуэхухэр США-м зыкІи жьэхэ-уакъым, ауэ Европэр хилъэфащ. КъэралитІым яку дэкІуэдэну Европэр сыткІэ хуей?**

ФРАНДЖЫХЭМ, дыхьэшхыуэрэ, зэкІэ жаІэ: «Дэ дыкъэнэкІафІэщ, нэмыщэхэм яфІэкІуэдынур зыхуэдизым елытауэ!» Арщхьэкіэ сэ зэхэсхащ Франджым и Мэкъумэшыщ Іэхэм я федерацэм и унафэщІым къипсэлъахэр. Абы жиІащ икІэщІыпІэкІэ Урысей Федерацэм гурыІуэн хуей-уэ, урыс лІыхІуэмрэ Франджым и президентымрэ захуигъэзэну зэримурадыр. Полякхэм я дежкІи урысей санкцэхэр удынышхуэщ.

Псори къызыхэкІыр Европэм власти ныкъуэделэхэм зэрыщаІэщІыхьащ. Псалъэм и хъуэрыкІэ, Меркель. Абы экономикэм хищІыкІыр унэгуащэ къызэрыгуэкІым хищІыкІым хуэдизщ. Апхуэдэхэри Европэм щыкуэдщ. Нобэрей Европэр иджырей теплъэр иІэу Евросоюзыр къызэтенэжьным зи сэбэпышхуэ хэль къуныкъущІэхэм я зэгухьэныгъэ абрагъуэщ. Брюссельрэ Страсбургрэ щызэІущІэ депутатхэр, комиссархэр къебэкІыу. Абыхэм я улахуэхэр ин дыдэщ, ауэ зыкІи жэуап яхьыркъым. Ахэр зэбгрыпхуну фІыт, ауэ пхуэзэгрыхунукъым - езыхэр зэбгрыкІыжьну уеиІэкъым, Европэми щыІэкъым абыхэм ятІэльэщын революцэ къаруухэр. ИужьрейкэрэкъыкъуэкІын папщІэ Іуэхухэр икъуэкъуэжкІэ зэІыхьэн хуеІщ.

Совет пропагандэми жиІэр Европэр США-м и зэрижьІэщІэр. Совет идеологхэр захуэт - Европэр США-м и лъэгум щІэтын хуей мэхъу. Фепльыт: зы европей къэралми ипэжыпІэкІэ езым и дзэ иІжьым - абыкІэ мылъку къыдагъахуэ. Американхэм ахэр яхъумэ - ар фІыщ. Мыдрейхэм езыхэм я шынагъэншагъэм егъэщІыхІауэ къыдагъэхуа ахъшэр делагъэ Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм трагъэкІуадэ мэхъу.

Ауэ урысей санкцэхэм хэщІынытыгъэшхуэ къаритмэ, лэжьапІэнщэхэм я бжыгъэм хэхъуэмэ, европейхэм Обамэ жраІэнущ абы и унафэм щІэту дяпэкІэ зэрымыпсэужьыфынур. АрщхьэкІэ, зэкІэ Европэр США-м и пащхьэм нэхъри щхьэхъэ зэпытщ.

**ГЛАДИЛИН Анатолий,**
*тхакІуэ.*
*«Аргументы и факты»*

● Украинэ

# Езыхэр хельафэ

**Украин властхэм япэщыкІэ унафэ ящІащ языныкъуэ урысей фильмхэр, къапщтэмэ, «Поддубный», «Белая гвардия» жьхуиІэхэр, къэралым и щІыналъэм щамыгъэлъэгъуэну. Щхьэусыгъуэ ящІащ абыхэм украинхэр ягъэпэд хуэдэу. ИужькІэ жаІащ урысей тхыльхэм лиценз хуагъэувыну. Иджы я мурадщ Къырымыр къызэрыгухьэжар зэрыдаІыгъам къыхэкІыну, щэнхабзэм и урысей лэжьакІуэхэу 500 я къэралым кІуэну хуит ямыщІыну. «Абыхэм Іэмал етын хуейкъым ди щІыхуэхэм я фІыгъэкІэ ди деж ахъшэ къыщалэжьыну», - жиІащ Украинэм къэрал кІуэщІ Іуэхухэмкіэ и министрым и чэнджэщэгъу Геращенкэ Антон. Ауэ хэту пІэрэ ипэжыпІэкІэ абы хилъэфэнур?**

ДАУИ, апхуэдэ лъэбакъуэхэм я удыныр нэхъ зытещІэнур украин щІыхьэрщ. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, Украинэм езым и артистхэр иІэжщ. Ауэ абыхэм я зэфІэкІыр Урысейм икІыу яхъжькІуэхэу щІебгъащхьи щыІэжьым - абыхэм яІэкъым Басков Коли Киркоров Филиппи. Классикэ музыкэм и гугъу сщІыхэркъым - абыхэм я деж нэгъуэщІ Хворостовскэ щІэх къыщыунэхжьынукъым.

Ауэ, уеблэмэ Іуэхур зэлъытари аракъым. Дэрэ Украинэмрэ сыт щыгъуи зы щэнхабзэ щІыналъэу дыкъэгъуэгурыкІуащ. АрщхьэкІэ апхуэдэ щІыналъэм сыт щыгъуи щефІэкІыу щытар Урысей Федерацэщ. Хэт Ялтэрэ Одессэрэ я киностудиехэм фильм гъуэзэджэхэр щытезыхар? Тодоровский Пётррэ Говорухин Станиславрэщ... Хэт и тхылъхэрат тыкуэнэжи нэхъыбэу щащэр? Васильев Борис, Распутин Валентин, Евтушенкэ Евгений сымэщ. Украинэ театрхэм я артистхэр щеджэр дэнэт? ГИТИС-рт, Щукиным, Щепкиным я цІэхэр зезыхьэ училищэхэрт. ТВ-мрэ кинотеатрхэмрэ щагъэлъагъуэ фильмэр хэт ейт? Дыдейт!

Абы къыхэкІыу, мыпхуэдэ санкцэхэр си дежкІэ дыхьэшхэн къудейщ. Сэ, уеблэмэ сщІэркъым апхуэдэ санкцэхэм яужькІэ Украинэм кІуэну хуитынур хэтми. Ауэ гурыІуэгъуэр зыщ: украинэ щэнхабзэр нэхъ кьулей хуэныкъуэр.

**ЛЕЩЕНКЭ Лев,**
*уэрэджьыІакІуэ.*
*«Аргументы и факты»*

● Щ1ыхуэхэр

# УщІэмыупщІэу хъунукъым

**Къэраз Думэм и депутат язныкъуэхэр Урысейм ирамыгъэкІыу жаІэ щІыхуэхэр зэрателъым къыхэкІыу.**

«АиФ»-м зэриткъмкІэ, суд приставхэм я Федеральнэ Іуэхущ1апІэм ищхьэрэ палатэм итъэхьащ щІыхуэшхуэ къызытехуа депутатищым ятеухуауэ ягъэхьэзыра тхылъхэр. Зым - мелардырыбжэ Михеев Олег - телъ щІыхуэр сом меларди 5-м щІигъуащ. Абы жеІэ мазэ къэс и улахуэм (сом мин 250-рэ) хитыкІыуэ щІыхуэр ипшыныжу. Къэраз Думэм «АиФ»-м и корреспондентым къызэрыщыжраІамкІэ, зэкІэ абыхэм трахакъым нэгъуэщІ къэралхэм кІуэну яІэ хуитынытыгъэ, ауэ иджы бухгалтерием хигъэкІыфынущ щІыхуэ зытелъ адрейхэми я улахуэм и зэхуэдитІым нэс. Псалъэм и хъэтыркІэ, «Сколково» фондым и щІыхуэу сом меларди 2,7-рэ зытелъ депутат Пономарёв И. и улахуэми хагъэкІынущ. Ауэ апхуэдэу фІэкІа ямытыжмэ, псэухухкІэ щІыхуэр яхузытегъэкІыжынкъым.

УщІэмыупщІэу пхуэшэчыркъым: сыт щІыхуэу сом мини 10 - 20 зытелъ хэхакІуэм и мыльку зэращІэу трах щІэхъыр, щІы Іыхьэхэр, унэхэр, заводхэр зиІэ депутат Михеевым и щІыхуэр и улахуэм мащІэ-мащІэуэ хагъэкІыныр къезэгъыу къыщІалъытэр?

*«Аргументы и факты»*

«Атлас» тырку журнал цІэрыІуэм лъэпкъхэм ятеухуа тхыгъэ гъэщІэгъуэнхэр куэдрэ къытредзэ. Мы суратхэм щыволъагъу а журналым и жинтымрэ абы ихуа тхыгъэм зи гугъу щищІ къэбэрдей ныбжьыщІэхэмрэ.

**Дунейм тет адыгэхэм я нэхъыбэр щыпсэу Тыркум президент хэхыныгъэ щекІуэкІащ шыщхьэІу мазэм и 10-м. Къэралым и тхьэмадэр езым хихьжыну цІыхубэм ягъуэта хуитыныгъэр япэ дыдэу къаГъэсэбэпауэ аращ. Ипэкіэ президентыр депутатхэм хахырт. Милитарист бюрократием къигъэувым фІэкІа хах щымыхъукІэ, абы зыхуагъэ хэлътэкъым. Ауэ 2007 гъэм Эрдогъан и жэрдэмкІэ къэрал хабзэ нэхъыщхьэм (Конституцэм) зэхъуэкІыныгъэ халъхьэри, президентыр цІыхубэм хахыну ягъэпсати, мы гъэм япэрейуэ ягъэзэщІащ. Премьер-министру ягъэуври иужьрей илъэс 12-м ягъэувэху Эрдогъан Рэджэп Тайип иджы президент Іэнатіэ лъапІэри хуагъэфэщащ. Апхуэдэ щыкІэкІэ, Эрдогъан Тырку республикэм и 12-нэ, ауэ цІыхубэм хаха япэ президенту тхыдэм хэуващ.**

ХЭХАКІУЭУ мелуан 53-м нэблагъэ (52.920.985-рэ) иІэт Тыркум, ауэ абыхэм ящыщу Іыхьэ пІІанэр кьекІуэлІакъым хэхыныгъэм. Ар иужьрей илъэс 13-м къырибыдэу экІуэкІа хэхыныгъи 9-м хэта хэхакІуэхэм я нэхъ бжыгъэ мащІэу аращ. Дауи, абы щхьэусыгъуэ зыбжанэ иІэщ. Абыхэми датепсэлъыхьынщ, ауэ мыбдежьым къыщыхэгъэщіпхъэр хэхыныгъэм къекІуэлІахэм я нэхъыбэр - щэм щыщу 52-м нэблагъэ (процент 51,65-р) - Эрдогъан зэрыдэщІар аращ. Демократие системэм, дауи, ар текІуэныгъэу щыбжыпхъэщ. Сыту жыпІэмэ, Тыркум щыІэ политикэ партхэм я бжыгъэр 78-рэ мэхъури, абыхэм ящыщу 14-р нахуэу, 63-р щэхуу къыпэуява пэтми, и закъуэу Эрдогъан и партым хэхакІуэхэм я нэхъыбапІэр зыдигъэщІыфащ.

Хэхыныгъэр хуиту щытын хуейщ, хэт хуейми хэхыпкъэу урысибзэ псалъэу «кандитат»-м и пІэкІэ «хэхыпкъэ», «альтернатива»-м и пІэкІи «хэдапкъэ» жьІтІэмэ мыхъуну пІэрэ мыхьэІэри упщІэ яхузоІэуэ дзи адыгэбзэ щІэныгъэрылажьэхэм, мыхъумэ, хъунур кьагъуэтыну, къэувыфу, хэхакІуэхэр зыми щымышынэу, фІэмылІыкІыу, щымыуКІытэу, къимылъахъэу, хуиту, тыншу хэхыныгъэм хэлэжьыхьыфу, зыхуейм и Іэр хуиІэтыфу.

Тыркум и хэхыныгъэ системэр абы и лъэныкъуэкІэ дзыхь зыхуэщІыпхъэу гъэпсауэ къэплъытэ хъунущ. ХэхакІуэхэр пСори зыми щымышынэу, фІэмылІыкІыу хэхыныгъэм хэтщ. Хэдапкъэу къагъэувахэм ящыщу хэт сыт хуэдиз дэщІ хурадзами, мыхъуауэ, къызэрыхуикІыжынум зыми щэч къытрихьэрыкъым. Сыту жыпІэмэ, хэхыныгъэхэр езыгъэкІуэкІхэр хеящІэ (судья) нэхъыщхьэхэрщ, езы цІыхубэм хахьжауэ. Абы и унафэм щІэту дэтхэнэ зы къэлэмри районми хеящІэхэр зи тхьэмадэ хэхыныгъэ гуп зырыз щІэщІ. Абы къыщымынэу, дэтхэнэ зы хэхыпІэми щІэсщ къулыкъущІи 2-рэ иужьрей хэхыныгъэм хэхакІуэ нэхъыбэ зыдэщІа парти 5-м я лІыкІуэ зырызрэ. Абы къыщынэмыщІауэ, а псом я нэрылъагъуу пхъэантэм кьыдэкІа дэщІ тхылъымпІэхэр эздабжа иэужь хэт сыт хуэдиз дэщІ къыхуикІами ятхыжри, ар къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэм псоми я Іэ щІадзыж, а тхылъым и сурэт абдежым щытрахри, хэхыныгъэхэр езыгъэкІуэкІ хеящІэ гуп нэхъыщхьэми партхэми Интернеткіэ занщІэу хурагъэхь. Абы адэкІэ зыри хэІэбжьыну хуитыныгъи Іэмали иІэжкъым. Зыгуэрым гурыщхьуэ иІэу щытмэ, абы районхэми, кьалэшхуэхэми, хеящІэ гуп нэхъыщхьэм дежи щыхопльэжьыф, пхъэантэм ирадза дэщІ тхылъхэри, ар зэрабжар къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэхэри быдэу хъумаэу щытщи.

А гъэпсыкІэм тету екІуэкІащ тыркУ президент хэхыныгъэхэр. Нэхъ зыщымыгугъыж оплозиц партхэр зэгухьэри, зы хэхыпкъэ къыздагъэлъагъуащ. Ар мусльымэн хэгъэгухэм я зэгухьэныгъэ ухуам и тхьэмадэу щыта Іихьсаногъльу Экмэлэдинщ. Ар химием хуеджэри, а щІэныгъэм и тхыдэмкІэ профессор хъуа, политикэм щІагъуэу хэзымыщІыкІ цІыхуш. Дагъуэ гуэрхэр хуащІ пэтми, цІыхуфІи къыщІэкІынущ. ЦІыху щабэщ, гъэсащ, Іэсащ... Ауэ къэралІуэху щызэпсэхьэнум деж ахэр иирикъуркъым: лъэщуи ущытын, лъэкІи, Іулыджи, жьабзэфІи уиІэн хуейщ. Пэжыр жыпІэнымэ, Іихьсаногъльу хэхыпкъэу къэзыгъэлъэгъуа партхэм езыхэм лей зрахыжащ, я гупсысэхэр яГъэІуныммкІэ Іэмалыфі хъарзынэу яІам зыхагъэныжащ. Курдхэм я партыр абы и лъэныкъуэкІэ хуабжьу Іущу зекІуащ. Езыхэм я парт тхъэмадэр президент хэхыпкъэу къагъэлъагъуэри, я гупсысэр хуабжьу дахэу ягъэІуфащ, дзыхь къажэзымыщІу щыта щІыхубэм дзыхь зыхуарагъэщІыфащ, ятпэм кьыдэщІу щыта хэхакІуэхэр процентш 5-м фІэмыкІыу щытамэ, иджы а бжыгъэр процентш 10-м нагъэсащ.

**Сыт Эрдогъан щІытекІуар?**

Эрдогъан щІытекІуар, ятпэрауэ, адыгэм «улажьэмэ лыжь пшхынщ» зэрыжиІащи, хуабжьу зэрыдэжьар аращ. Эрдогъан зы жэщ-зы махуэм апхуэдизу зэрыхуэзфІыкІыр, а псом и кьаруу зэрыкурикъур умыгъэщІэгъуэн плъэкІыркъым. Псалъэм папщІэ, жэщцібгъм фІэкІарэ пэт и министрым деж телефонкІэ мэпсалъэри, Іуэхур зэрыхъуам, здынэсам щІоупщІэ. Зы жэщ-зы махуэм сыхьэтиплІ фІэкІа мыжейуэ зригъэсащи, езыри мэлажьэ, и гъусэхэми зыщІрагъэхьыну Іэмал яритыркъым. Ауэ и узынщагъэм абы и зэран зэрекІым, езыр тэмакъкІэщІ зэрищІым щэч хэпъкъым.

Эрдогъан хэхыныгъэхэм щыгъуи хуабжьу лэжьащ, «сэ сыкъащІыху, фІыуэ сыкьалъагъу» жиІэу бэлэрыгъакъым. Нэщі мазэм ирихьэлІарэ пэт, пэкІушхуэ 41-рэ иригъэкІуэкІащ, дэтхэнэ зыми цІыху минищэкэр, мелуанитІым нэс гупышхуэр кьришэлІэфащ. Пэжщ, а псори езым и закъуэу зэфІигъэкІауэ жыпІэ хъунукъым. Пыркум щынэхъ лъэщ дыдэу кьыхэригъэпэща и партри мыбдэзрыгъуэу кьыкъуэуващ абы.

Эрдогъан щІытекІуам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ абы Тыркум хуиищІэфар. Аэрэ псори мыбдежьым кьыщыщедбжжкІын щІэнхъым: Тыркум кІуэ-кьэкІуэжхэм яльагъу, ауэ сэ адыгэм кьыткуищІам тІэкІу и гугъу сщІыну сыхуейщ. Зыри кьытхуимышІами, адыгэр нэхъыбэ дыдэу щыпсэу Тыркумрэ ди адэжь щІыналъэу Адыгэ хэкур, ди Іэр си закъуэкъым, политикэм тепсэлъыхь куэдми я еплъыкІэщ.

Дауи, цІыху дагъуэншэ щыІэкъым. Эрдогъани дагъуэ куэд хуэпщІ хъунущ. Ауэ абы фІыуэ хэльыр нэхъыбэу кьалъытэри хахащи, «кьэзыгъэхъэ я зрымысэркъым» зырыжаІэу, иджы абы хуащІ дагъуэхэм дыщІытепсэлъыхьын щыІэкъым.

Ауэ дэ ди лъэпкъ политикэмкІи щапхъэ кьыхэтх хъуну кьызэлъытэри оплозиц партхэм я Іуэху кьыщІимыкІам, абыхэм яІэщІэкІа щыуагъэхэм тІэкІу дытепсэлъыхьми хъунущ. КІэщІу жытІэнщи, уэ узыщымыгугъыжмэ, нэгъуэщІри кьыпщыгугъынкъым, уэ дзыхь зыхуумышІыжмэ, нэгъуэщІым дзыхь кьыпхуищІынукъым, уэ уи щхьэр умылъытэжмэ, нэгъуэщІми укъилъытэнукъым. Тыркум и оплозиц партхэм я Іуэхур кьыщІимыкІам, абыхэм яІэщІэкІа щыуагъэхэм тІэкІу дытепсэлъыхьми хъунущ. КІэщІу жытІэнщи, уэ узыщымыгугъыжмэ, нэгъуэщІри кьыпщыгугъынкъым, уэ дзыхь зыхуумышІыжмэ, нэгъуэщІм дзыхь кьыпхуищІынукъым, уэ уи щхьэр умылъытэжмэ, нэгъуэщІми укъилъытэнукъым. Тыркум и оплозиц партхэм я Іуэхур кьыщІимыкІам, абыхэм яІэщІэкІа щыуагъэхэм тІэкІу дытепсэлъыхьми хъунущ. КІэщІу жытІэнщи, уэ узыщымыгугъыжмэ, нэгъуэщІри кьыпщыгугъынкъым, президент хэхыпкъэ кьызызхагъэкІыфакъым, «Эрдогъан и хэхакІуэхэм ящыщ тІэкІу кьиГъэпщІафынущ, кьыдиихьхыфыну пІэрэ» жаІэри, езыхэм я политикэм къемызагъэр пэт, Іихьсаногъльур хэхыпкъэу кьагъэльэгъуащ, а парткэм хэтхэми емыЧэнджэщу. Ар езыхэм кьакъуэт партхэм ядакъым, зымыдахэр хэхыныгъэм хэтакъым е нэгъуэщІым Іэ хуаІэтащ.

Сэ сызэреплъымкІэ, оплозиц партхэм езыхэм я хэхыпкъэхэр кьагъэльэгъуауэ щытамэ, кэдэ кьагъэхэфынут. Зи мыхъуми, я щхьэм пщІа хуащІ, цІыхубэм зыхуейхэр хуащІ, цІыхубэм зыхуейхэр гурагъэІуэфынут... Псом хуэмыдэу хэхъуэ щыуаг ощуиал-социал-демократ теплъэ зытезыІаущ оплозиц партхэм нэхъыщхьэрщ - Республикэм и цІыхубэ парткІэ (СНР-ДжХьП) зэджэр аращ. Ар политикэкІэ жыжьэ пльэфу щытамэ, социал-демократ нэхъ щабэхэм ящыщ зыр президент хэхыпкъэу къигъэувынт. Абы щыгъуэ я партым щыщ, кьыдэщІ псори яфІэфІу хэхыныгъэм хэтынт. Ахэр нэхъыбэ хъурэкІэ, Эрдогъан къихьа процентыр нэхъ мащІэу кьэнэнти, япэ турым къикІынтэкъым. ЕтІуанэ турым Эрдогъан зыфІэмыфІ, кьебий псори а социал-демократ хэхыпкъэм кьэдэщІынт.

Иджы Эрдогъан илъэситкуКІэ хахауэ арами, кьыкІэлъыкІуэ илъэсхэм хах хъунущи, дызыкъэкІуэ илъэсипщІыр ар щытепщэну пльэхъэнэу убж хъунущ. А пІалъэм кьырибыдэу Эрдогъан зыхуигъэувыжа кьалэнхэм ящыщ зыщ Тырку республикэр парламент ухуэкІэм кьыхишу, Америкэм е Франджым ещхь президент ухуэкІэм хуигъэкІуэныр, хэгъэгуэхэм хуитынигъэ нэхъыбэр яритыныр. Сэ кьызэрысфІэщІымкІэ, ар дэ адыгэ лъэпкъым зэрыхуэдгъэщхьэпэну щІыкІэращ Тыркум щыпсэуэр дызэгурыпсыкІыпхъэ, дызэлэжьыпхъэ.

Сэ си гуапэу сохуэхьуэ Эрдогъан и тетыгъуэр адыгэ лъэпкъым щыхуэ тхуэхуну, Тырку Республикэмрэ Урысей Федерацэмрэ я зэпыщІэныгъэр иригъэфІэкІуэну.

**ХЪУАЖЬ Фахъри.**
*Анкара - Налшык*

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

# Мыщэ мэжэлІар шынагъуэщ

**Илъэс етхуанэ хъуауэ Якутием хуит щащІыркъым мыщэхэм щещакІуэу. Абы къыхэкІыу а хьэкІэжхъуэкІэхэм я бжыгъэм хэхъуащ.**

**Якутием куэдра къыщохъу мыщэхэр цІыхухэм щатеуэ. Иджыблагъэ апхуэдэ къыщыхъуащ Сангар къуажэм и гъунэгъуу.**

### ЦІыхубз хахуэ

А щІыпІэм щылажьэрт метеоролог Ивановэ Светланэ. Кобяй авиаметеостанцыр щыІэм километрищкІэ пэжыжьэу мэзым хэт унэжь цІыкІуц. Мыбы зэи бжэхэр щагъэбыдэу щытакъым. Жэщым сихьэтитІым цІыхубым зэхихащ Іэуэльэуэ макъ. «Хьэхэр кьытхуэкІуауэ кьыщІэкІынщ», - егупсысащ бзылъхугъэр икІи бжэр Іуихащ, къримыгъэблагъэ хьэщІэхэр ирихужьэкьыну. АрщхьэкІэ мыщэ гъумыщІэм Іууащ...

Светланэ унэ кІуэцІыбжэр зэхуищІащ икІи 02 телефонымкІэ, иужькІэ метеостанцыр зей аэропортым псэльащ. Мыщэр бжэм кьеныкъуэкъуурэ - тыншу архиудри, и щхьэр пэщым кьыщІишящ. Светланэ кьищтащ япэу кьыІэрыхьар - удэ гъэгъахэр зэрапщІэ хьэфІанэ цІыкІур. Сантиметр пІыщІ фІэкІа зи мыкІыхьагъ а «ІэщэмкІэ» мыщэм и пэм еуэу щИидзащ.

АрщхьэкІэ, кьыкІэрына пхъэбгъу кьутахуэхэр зыкІэригъэщэщри, мыщэр пэщым кьыщІэхутащ. МефритІ зи лъагагъ шкафым тхылъхэр кьыдитэщэщащ, факсыр зытетыр зэхихкьутащ. ИтІанэ цІыхум ебгъэрыкІуащ. Ар хъиЙм икІа хуэдэт. Светланэ хуэзфІэкІар зэрызихъумэну гуэр - джэдыгуг - зытрипхъуэн къудейщ. Зэпымыуэ хьэфІанэмкІэ мыщэм и щхьэм еуэрт, ауэ мыдрейр икІуэтырэтэкъым. Абы цІыхубым и Іэ ижьыр иубыдыфащ. Тельыджэщ, ауэ Светланэ хуэзфІэкІар хьэфІанэр Іэ сэмэгум иритащи. Мыщэм и пэм еуэнри щигъэтакъым. Тельыджэ щыхъуауэ къыщІэкІынщ, ауэ мыщэм абы и Іэ ижьыр кьиутІыпщыжащ.

Ауэ напІэзэпІэ нэхъ дэмыкІыу Светланэ ІэщІичащ хьэфІанэр. Апхуэдэу щыхъум, абы швабрэр кьипхъуэтащ. Мы Іуэхур зэриухынур гурыІуэгъуэтэкъым. ЦІыхубзым и насыпти, машинэ кьыІулъадэм и макъыр кьэІуащ. Іэуэлъауэм щышына хьэкІэжхъуэкІэр кІыфІым хэкІуэдэжащ.

Мыгувэу полицэри «дэІэпыкъуэгъу псынщІэри» кьыІухьащ. Дохутырхэм цІыхубзым кьеплъащ, и уІэгъэр япхащ. И насыпти, ахэр куутэкъым.

Мы Іуэхум и ужькІэ щакІуэхэм а щІыпІэм щауКІащ а хьэжІэжхъуэкІэрауэ зыхуагъэфащэ мыщэр. Ар жьы дыдэ хъуа мыщэу кьыщІэкІащ. Абы и фІыгъэщ синоптикым фэбжьышхуэ зэримыгъуэтар.

### Жып телефонкІэ

Мыщэр цІыхум щытеуа нэгъуэщІи кьыщыхъуащ Якутием. Нерюнри щыщ, илъэс 53-рэ зи ныбжь Ворожбицын Игорь бдзэжьеящэ кІуэрт, и щІыбым илъ рюкзакым техуэу мыщэр кьеуэу кьыщриудам. Килограммищэ зи хьэлъагъ бдзэжьеящэр мыщэм зэрыхуейуэ зэридзэрт, джэгум хуэдэу. Апхуэдэу хикухьурэ и щхьэфэр тришхыкІат щІыпІэ-щІыпІэкІэ. Мыщэр текІуа хуэдэт. АрщхьэкІэ...

- Сэ си жыпым илът телефон, - къеЇуэтэж Игорь. - Жьыт. Тыбокъуэри, телефоным кьыбжеІэ зэманыр зэрыхъуар. Мыщэм и дзэхэр си бгъэм кьыхэчІащ икІи а кнопкэм лъэІэсащ. «Сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 40-рэ хъуащ. Сыхьэти 8-рэ дакъикъэ 40-рэ хъуащ...» - жиІащ Іэмэпсымэм кьытригъэзэжурэ. Мыщэр щІэпхъуэжащ, шынэри.

Узым кьигъэдзыхэми, Игорь кьигъэзэжьащ. Кьыхуэза нэгъуэщІ бдзэжьеящэхэм ар сымаджэщым нагъэсащ. ЦІыхухъум сэбэп хуэхъуащи брезент плащ Іуэ зэрыщыгъар. Абы и фІыгъэкІэ хьэкІэжхъуэкІэр Игорь и ныбэм кьылъэІэсакъым.

**СУМЧЕНКЭ Сергей.**
*«Комсомольская правда»*

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Дэ къытхуатх

**Къардэнгъущ Іхэ ди лъэпкъыр зэрыгушхуэ Зырамыку и гъащІэмрэ и дуней тетыкІамрэ теухуа хъыбар куэд щаІуэтэж а цІыху щэджащэр къыщыхъуа Псыгуэнсу жылэшхуэм. Сэри сыхуейт, псоми фІыуэ тлъагъу «Адыгэ псалъэ» газетыр къэзгъэсэбэну, гукъинэж сщыхъуа мы хъыбархэр фхуэсІуэтэжыну.**

## Зырамыку и зы махуэ

МЫР къыщыхъуар 1954 гъэм и шыщхэуIу мазэрщ. Си шыпхъу нэхъыжьыр школым щІэтІысхьэнути, ар еджапІэм зэрыкІуэн бостей, пліз, кІэпхын хужь хуэдэхэр си анэм хуиду лъакъуэрыгъадэ машинэм бгъэдэст. Сэри селъэІурт си анэм, апхуэдэ фащэ дахэхэр схуиду си шыпхъум и гъусэу школым сигъэкІуэну. «Уэ иджыри уцІыкІуц, илъэси 4-рэ мазитІрэ ухъуа къудейщ, укъащтэнкъым», - къызгуригъаІуэрт анэм...

Пщэдджыкъым жьыуэ си анэшхуэр къыдыхьащ ди деж, и къуэрылъу Иро цІыкІу и Іэпэр иІыгъыу. Иро тпэмыжьжьэу псэу ди адэ къуэшым ейт, и ныбжьыр илъэсрэ мазийрэ хъууэ арат.

«Сэ сымаджэм деж щІэупщІакІуэ сымыкІуэу хъунукъым, нысэр къуажэкІэм фэтыджэнщэху ехащи, ар къэсыжьыху сабийм кІэтъыплъ», - жиІэри нанэ дигъэзыкІыжащ. Нанэ къалэн къысищІар сигу иримыхьу хадэмкІэ сихьэри, жыг къуагъым сыкъуэуващ, зызгъэгъэ щыкІэу. Си нужьым иту шыпхъу нэхъыщІэмрэ Иро Іэпэзэрыбыгъу ныскІэлъэхащ. Абдежым си анэр къэджащ, псым фымыкІуэ, жиІэри. Пэжу, ди хадэмкІэ иж Акъсыр уэшх нэужьым ейуэ къиуат.

А сыздэщыт дыдэм хуэзанщІэу Зырамыку пэгунитІыр зы ІэмкІэ иІыгъыу, адрей Іэм Іэщ Іэлъ мыІэрысэр ишхыуэр хадэмкІэ хъыкІуэцІрыкІырт, джанэ пльыжь кусэ дахэ щыгъэ и гъуэнщэдж лъапэрдзгъэджэрэзэяуэ. Акъсыр Іуфэ щхьэщыт шэфран жыгым пызу пыт мыІэрысэр къыпичыжьну кІуэуэ арат ар. Шэфраныр шыщхьэуIум и кІэхэм къыпачыжырт. Сэ Зырамыку сыкІэлъплъуэрэ, си ужьым итa цІыкІуитІыр псы Іуфэм Іухьащ. НапІэзыпІэм ятІэр гуэхурэ Иро псым хэхуащ. Асыхьэтым си анэр къуджэуэрэ къажэрт. Дэнэ щыІэ Иро, щы-жиІэм, си шыпхъу цІыкІум и Іэпэр псымкІэ ишиящ, хэхуащ, жыхуиІэу. Си анэр кІиящ: «Уэхьэхьей, Зырамыку, сабийр псым ехь, псынщІэу», - жери. Сэри Зырамыку дежкІэ сожэ, «ехь, ехь» жыслІэурэ сыгъынанэу.

Жыгыщхэм лъагэу тес Зырамыку къехакъым - занщІэу псым зыхидзащ икІи есыхьу щІидзащ я гъэнэгъу Жьэнэ Тэмрыкъуэх хуэкІуэу. Темрыкъуэ дадэм щхьэл игъэлажьэрти, абдеж псы Іудэзшхуэ иІэт. Иро алыхьым ихуижэгъужатэкъым, псым къыхэпІиикІ жыгыжь къудамэхэм ящыщ зым и бостей цІыкІумкІэ фІэнэуэ фІэлъу, Зырамыку епхъуэри къыхихьжащ.

Зырамыку сабий зызымыщІэжыр иІыгъыу гъунэгъу хадэ кІуэцІымкІэ ижри, уэрамым дэлъэдащ. Ар къэвмІэм, Иро и щхьэр ефэззыхауэ иудынышІэуэрэ нанэхэ я кузбжэпэм къэсри, ищІэнур имыщІэжу зэщІэуэвыІыкІащ. Сабийм си зыкъыхуеГэщІэжыртэкъым, псымрэ пшахъуэмрэ зэщІэту къыжьэдэж пэтми. Хьэблэм сабийуи, балигъыуи дэсыр зэхэлъэдэжауэ ящІэнур ямы щІэу зэхэтт. Сэри сыгъуэгъу сыкъуэтт си анэм и кІэкъуагъым. «Сабийр лІащ, арджэн къыдэфхи тефлъкъэ», - жаІэри абдеж щхэ нэхъыжьхэр ящджащ. Иро арджэным тралъхьа къудейуэ, ди уэрамымкІэ къыдэкІуеиж Лидие Ивановнэ урыс цІыхубзыр къэсщ, сабийм жьэхэлъадэри, и щхьэ цІыкІур иІуэтащ. ИтІанэ и жьэмкІэ псыр къыжьэдишьи, и лъэгу дыгъуэм епІэскІуурэ, сабийр къэгъащ, къэбзуэжащ. Иро къэзыгъэпа Лидие Ивановнэ Зырамыкуэ я деж фэтэру щІэст, ди щкольм щригъаджэрт. А зэманым аратхъэ, зы егъаджакІуэ къуажэм къыдыхьамэ, унагъуэхэм ар гуфІэжу яшэрти шыгъуІастэр дагъэшцІэр, я деж щагъэпсэурт. Фэтэрыпщ Іэ жьыхуаІэр зекІуэхэрэтэкъым. ЕгъаджакІуэ дапщэ апхуэдэу щІэса Зырамыкуэ я унэм, сабийхэр ирагъаджэ абыхэм жиІэу, пщІашхуэ яхуищІу...

Абыхьым и ужькІэ Зырамыкурэ Лидие Ивановнэрэ я фІыгъэкІэ псэууэ къыщІэна хъыджэбз цІыкІумрэ абы и анэмрэ Старэ Шэрэдж къуажапщэм щыта сымаджэщым нашэрэ, сабийм зыкъиужьыжьыху къыщІелъэдэу щытащ. Ар хъужу къыщІащыжьыху Зырамыку зы махуи къэнакъым абы ГъымыгГуаззу. Апхуэдэт ар дэтхэнэ зы цІыхумкІи - гуапэт, гущІэгъуэшхуэ хэлът, и Іыхьлыхэми хамэхэми хуэзфІэкІымкІэ ядэІэпыкъуну хьэзырт.

А псори кІыхьыщІа Иро сабий губзыгъэу, Іуэрыіуэдзыр къэхуащ, унагъуэ дахэ зэрыхъужри куэд щІащ. ГуушІэ дахэ зыхэлъа Иро «псыхьэлъахуэ»-кІэ еджэу, дэри абы дридыхьэшхыжу екІуэкІащ Зырамыку псэуху.

## Плъагъур пІуэтэжмэ...

СЭ ЕЩАНЭ классым сыщеджэрт. ЦІыхубзхэм я махуэ гъатхэпэм и 8-р къэблэгъати, си анэм сехъуэхъуащ, открыткэ дахи естащ, Абы и ужькІэ ди гъунэгъум секІуэкІащ, си ныбжьэгъу Рае естыну открыткэр сІыгъыу. Ар дэстхэкъым. Ауэ куэд мыщІэу къэсыжьын зэрыхуейр къызжиІэри, и анэм сыщІишащ.

Сыщысщ иджы, къысхуагъэува шэнт щхьэгъуэм сытесу я пэш кІуэцІыр набдзэгубдзаплъэу зэпызоплъыхьри. Унэр хуабэщ, хьэку мафІэращи - мэжьэражьэ. Утыкум къаз ныкъуэфыщІ илъщ. Абы и нэгэгъумрэ и тхьэмащІыгъумрэ я лІыжьым тебэ лъакъуэм ирилъхьауэ хьэкущхьэм щегъажьэ. Ар зэрылъ тебэ лъакъуэм къыбгъурытщ жьыщІыгъэ ягъэвэжьр хуэфІу зэрылъ зы «вываркэ». Абы къриутхыкІ жьыщІэпсыр къыбгъурыт тебэм дакъикъэ къэс хоткІуэ. Хьэжьбжэр Іуихауэ лІыжьым абдежьм фІэлъ былым лъатэ гъэгъуам къыпиупщІар дзасэкІэ егъэлянцІри, пІастэм трегъауэ... Мыдэкі я унэкум сивоскІэ пэгун итщ. Абы щІткэр хигъауэрэ, фызым пэшым сивоскІэ къытрекІэ, сурэт фІэдзахэри, алэрыбгъу тІэкІуэкэри блыным зэрыфІэлъу. Ар сфІэхььэлэмэту сэри соплъ. Абы и закъуэтэмэ, удэкІуэтэнт. ГъуэтъыпІэ щІагъым тебэшхуэ щІэтщ, щІакхъуэ хужьыбзэ илъу. А зэманым хьэжьгъэ хужьыбзэр икъуэкІэ зэпэубыдат. Унэкум илъ къазым ещакІуэурэ тебащхьэр тезыуда джэдуужьым зыри къыщыІумыкъуэм, тебэм бгъурыщэтэжауэ щыльщ, и кІэр щІакхъуэм хэльэ, зззэмызэ ар тригъауэу. СигукІэ, цІыхум щІакхъуэ хужьыбзэ яшхыну ягъуэтыркъым, мыбы я джадур хэсщ, жысІэурэ сыкъотэджжьж. Рае къэкІуэжыртэкъым, сежьэурэ сешат.

Сыкъэсажжэ, Зырамыку ди деж щыІэт, стІолри къагъэувауэ псори Іэнэм пэрыст. Си анэми кІыжьхьу абыхэм яхуэпщІафІэрт.

Зырамыку сэлам есхри, хьэкум деж сыкІэрыуващ. Ар, Къардэнгъущ Іхэ я цІыхубз псоми къыдэхъуэхъуа нэужь, си анэр къызэупщІащ: «Дэнэ иджыри къэс уэдэщыІар?», - жери. «Раехэ», - естыжащ сэри жуаэп. Арати, мо тІэкІри къэжэнауэ щыс ди адэм, «атІэ сэтхуэ ящІэрэ ди гъунэгъу хэм?» - щыжиІэм, Тхьэ, папэ, сэ абы ящІэ псор схужьмыІэжыну, жысІэри зислъэфыхьащ. Ар зэхэзыха Зырамыкуи сыхигъэзыжьу щІидзащ. Сэ къызгурыІуэрт ахэр къызэрыздэгушыІэр. Арати, жыпІэжынымэ - къеблагъэ. Дзыгъуэ гъуанэ дихьа къэзгъэнакъым... уи къаз ныкъуэфыщІри, я лІыжьри, джэдуужьри - слъэгъуа псори сІуэтэжащ. Зырамыкуи си адэ-анэри мэхауэ мэдыхьэшхэр.

«А бетэмал, зы сурэттехьжь уиІатэмэ, тепхатэкъэ а псор»,- жиІэу Зырамыку зыкъыщысхуигъаззм, сэри зыкъэсщІэжащ.

«Мы хъыджэбзыр ин хъумэ, сэ сипщэ изольхьэ абы и егъэджэнри. Мыбы, сызэрепльымкІэ, артист гъуэзджэ къыхэкІынущ», - жиІат Зырамыку, арищхэкІэ си анэм хуидауэ щытакъым... Нобэр къыдэсым дэ Зырамыку Іэфіу ди гум къыхуинэжауэ илъщ, зы махуэшхуэ зэрыщытэу лъэпкъым къыхьыхьэжэ ар къыддигъэлъапІэу, щІэблэр дигъэгушхуэу зэрыщытар. Нэхъыжьыфым и псалъэм тету, езы Къардэнгъущ зэкъуэшхэри зэгурыІуэрэ зэдэІэужу къэгъуэгурыкІащ.

**КЪАРДЭНГЪУЩІ Іасият.**
*Псыгуэнсу къуажэ*

● Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэм ирихьэлІэу

**Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм хэт гуп. ИжьымкІэ шым тес щІалитІыр къэбэрдей зауэлІхэщ.**
*Сурэтыр* **Пиратский Константин** *ищІащ. 1850 гъэ*

● Кикбоксинг

# Избербаш медалхэр къраш

**Дагъыстэным Кикбоксингымкі э и федерацэм и вице-президент Гаирбеков Гаирбек и фэеплъ зэхьэзэхуэ Избербаш щекІуэкІащ. Кавказым кикбоксингымкІэ и Кубокым щІэбэныныкІэ епІанэ зэпеуэ зэІухам Урысей Федерацэм, нэгъуэщІ къэралхэм я спортсмен 200-м щІигъу хэтащ.**

ФУЛ-контакт Іыхьэм командэ зэпеуэм ди спортсменхэм къыщефІэкІар быслымхэрщ. Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта зэпеуэхэм бжьыпэр щаубыдащ Асатов Саид, Іэрэмысэ Рэмэзан, Аслъэн Тамерлан, Алборэ Амир, Къанокъуэ Бэлэ сымэ. Жэмыхъуэ Хьэрунрэ Темыркъан Къантемыррэ етІуанэ увыпІэхэр къахьащ. Ди спортсменхэм я гъэсакІуэ Саралидзе Айдын зэпеуэм и рефери нэхъыфІу кьалъытащ.

● Альдж-урым бэнэкІэ

# «Классикхэм» я ехъулІэныгъэ

**Урысей Федерацэм и щІалэгъуалэм я спартакиадэм и кІэуэх зэхьэзэхуэу Пензэ къалэм щекІуэкІам екІуу зыкъыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и классик бэнакІуэхэм.**

КИЛОГРАММ 60 хьэлъагъым нэсхэм я зэпеуэм щытекІуащ Локьяев Жамболэт, Тэрчокъуэ Тимур жэз медалыр кылъыващ.

**КЪЭМБЭЧОКЪУЭ Албэч.**

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

### Нэхъапэми къыщІэхуат

Илъэс 37-рэ зи ныбжь тырныауздэсым полицэм зыхуигъэзащ 2014 гъэм щыщхьэуIум и 17-м сыхьэт 13-м щыщІэдзауэ сыхьэт 17-м нэс зэманым къриубыдэу Эльбрусскэ проспектым тет и фэтэрым зыгъэр щІыхьэу сом мин 11 и уасэ и ноутбукымрэ жып телефонымрэ зэрыщІидыгъукІам къыхэкІыу.

Урысей МВД-м Іуащхьэмахуэ куеймкІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэм щІэпхъаджащІэр яубыдащ. Ар нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щыта, Былым къуажэм щыпсэу щІалэщ.

Идыгъуахэр къытрахыжащ. Уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

### Хъунщ Іакіуэр яубыд

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык щыІэм зыхуигъэзащ 1963 гъэм къалъхуа къалэдэс щІыхубзым. Щхьэусыгъуэр дыдэрэ щыщхьэуIу мазэм и 16-м жэщым сыхьэт 01.00-м, щхьэгъубжэм хэлъ гъущІ хъарыр къыІуишу, Налшык къалэ, Коммунистическэ уэрамым тет и унэм зыгуэр зэрыщІыхьарщ икІи сом мини 6 и уасэ и мылъку щІидыгъукІыну зэрыхэтарщ.

Полицэм и лэжьакІуэхэм щІэпхъаджащІэр яубыдащ. Ар илъэс 32-рэ хъу, нэхъапэм мызэ-мытІэу зи суд ящІа, Нартан къуажэм щыпсэурщ. Абы илэжьамкІэ зиумысыжащ.

### Марихуанэ грамм 258,1-рэ

Урысей МВД-м Тэрч районым щиІэ и къудамэм полицэм и участковэ уполномоченнэхэм 2014 гъэм щыщхьэуIум и 17-м сыхьэт 18-м Джулат къуажэм и гъунэм къыщагъэувыІащ нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щыта, 1982 гъэм къалъхуа Май къалэдэсыр. Ар къыщащым къытрахащ «Растворитель» зытетха птулькІэ, къэкІыгъэмэ къызыхих гуэрхэр зэрылъ птулькІитІ.

Экспертхэм зэрыжаІамкІэ, къытрахар грамм 258,1-рэ хъу марихуанэ наркотикхэкІщ. Апхуэдэуи экспертхэм яубыдам и Іэхэмрэ и нэкІумрэ «тетрагидроканнабинол» наркотикхэкІым и лъэужь къытрагъэтащ.

А махуэ дыдэм, Урысей МВД-м Шэрэдж районым щиІэ къудамэм и лэжьакІуэхэм Каменкэ къуажэм къыщагъэзыІащ 1983 гъэм къалъхуа налшыкдэсыр. Ар къыщащым грамм 42,6-рэ хъу марихуанэ къагъэтащ. ТІуми ехьэлІа уголовнэ Іуэхуэхэр къэІэтыным теухуа унафэ хъащтащ.

### Сэрмакъдэсми наркотикхэкІ къытрах

Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ куейм щиІэ и къудамэм и лэжьакІуэхэм Дзэлыкъуэ къуажэм и Советкэ уэрамым тет унэ №118-м деж 1981 гъэм къалъхуа сэрмакъдэсым и автомашинэр къыщыщащым, багажникым кърахащ грамм 81,3-рэ хъу марихуанэ.

Уголовнэ Іуэху къаІэтыну яужь итщ.

### Къемызэгъ зэрилэжьар къыгурыІуэжащ

Зэрыкъуаншэр къыгурыІуэжри, Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыІэм екІуэлІащ Кёнделен къуажэм щыпсэу, илъэс 23-рэ зи ныбжьыр.

ЩІалэм зиумысыжащ мы гъэм щыщхьэуIум и 12-м Налшык къалэ и зоопарк пэмыжьжьэу «Инфинити» автомашинэм и щхьэгъубжэр икъуэтэу сом мини 8-рэ дэфтэрэхэмрэ зыдэлъ барсеткэ къызэрирыдигъукІамкІэ.

Іуэхур зэхэгъэкІ.

### Дыщэ лэрыпсым нэ иращат

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэ щыІэм зыхуигъэзащ щІыпІэм щыпсэу, илъэс 63-рэ зи ныбжь цІыхубзым. Абы зэрыжиІамкІэ, ХьэтІохъущокъуэм и жыг хадэм и ихьэпІэм деж имыщІыхуитІым абы и пщэм щрачат сом мин 40 и уасэ дыщэ лэрыпс.

Полицейхэм а щІэпхъаджагъэр зылэжьауэ щэч зыхущІхэр зрэбеледжылащ. Ахэр илъэс 23, 22 зи ныбжь налшыкдэсхэщ икІи зыр яубыдащ. Хабзэхъумэхэм зэрыжаІэмкІэ, етІуанэри мыгувэу яубыдыну Іэмал щыІэщ.

### Полицейуэ жиІэри

Курп Ипщэ къуажэдэсым Урысей МВД-м Тэрч куейм щиІэ и къудамэм хъыбар иригъэщІащ абы и ВАЗ-2107 автомашинэр зэрадыгъуам теухуауэ. ЦІыхухъум зэрыжиІамкІэ, Плановскэ къуажэм къикІыжу и унэм кІуэжу, Дейскэ жылэм деж имыщІыхум къыщигъэувыІащ. Полицэм и лэжьакІуэ жиІэри, абы къигъэувыІам и автомашинэр ирихужьащ.

Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмрэ плъыпост къулыкъум и къудамэмрэ я лэжьакІуэхэм псынщІэу зэхэгъэкІащ ар зыщІэнкІэ хъунур. Ар нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щыта, Плановскэ къуажэм щыщ цІыхухъуц, илъэс 45-рэ и ныбжьыр. Абы илэжьамкІэ зиумысыжащ.

Автомашинэр зейм Іэрагъэхьэжащ.

### И къуажэгъум йодыгъуэж

Урысей МВД-м Шэджэм куейм щиІэ къудамэм и лэжьакІуэхэм зэхэгъэкІащ щхьэлыкъуэдзэ цІыхубзым, нэгъабэ фокІадэм сом мин 50 и уасэ «Швиц» лъэпкъ жэмыр хъупІэм щифІэзыдыгъуа бзаджащІэхэр хэтми.

Ахэр зэрыдыгъуам къыхэкІыу нэхъапэм суд зытращІыхьауэ щыта, илъэс 22-рэ хъу щхьэлыкъуэдзэсымрэ илъэс 26-рэ зи ныбжь абы и къуажэгъумрэщ.

Уголовнэ Іуэху къаІэтащ.

***Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі э министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі э.***

# ЛІыгъэм и дерс

● Щапхъэ

**КъБР-м щыІэ МВД-м и щэнхабзэ центрым и лэжьакІуэхэм Налшык къалэ и «Къуэжьей хадэ» санаторэм зыщызыгъэпсэху сабийхэм «ЛІыгъэм и дерс» драгъэкІуэкІащ, - къет Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкі э министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм.**

ДЕРС щхьэпэр егъэкІуэкІынымкІэ министерствэм и лэжьакІуэхэм щІэтхэкъуэн къахуэхъуащ КъБР-м и Хабзэхъумэ ІэнатІэхэм, къэрал кІуэцІыдзэхэм я ветеранхэм я советым и тхьэмадэм и къуэдзэ, полицэм отставкэм щыІэ и майор **Дьяченкэ Маргаритэ,** Советым и президиумым хэт миллиэм отставкэм щыІэ и подполковник **Кузьмин Евгений,** КъБР-м и МВД-м и ветеран **КъарэцІыкІу Валерий** сымэ.

Утыку хуитым щрагъэкІуэкІа а Іуэхугъуэм щагъэлъэгъуащ Урысей МВД-м и тхыдэм ехьэлІауэ Кузьмин Евгенийрэ Дьяченкэ Маргаритэрэ зэхуахьэса экспонатхэм ящыщхэр. Абыхэм дихьэхауэ еплъащ, къэпсэлъа ветеранхэм едэІуащ, нэхъыжьхэм ядэуэршэращ, хьэщІэхэм ящІыгъуу фэеплъ сурэтхэри зытрагъэхащ сабий 250-м нэблагъэм. Ахэр Дагъыстэн, Шэшэн, Къалмыкъ республикэхэм, Астрахань областым кьикІаХэрщ.

Кьахуеблэгъа ветеранхэм папщІэ сабийхэм концерт яГъэхэзырат.

Ветеранхэм санаторэм и библиотекэм тыгъэ хуащІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и МВД-м и тхыдэм теухуа тхыльыщ.

Санаторэм и унафэщІ Щыхьалы Валерэ республикэм щыІэ МВД-м и ветеранхэм, лэжьакІуэхэм Урысейм и щІэблэщІэр зэкупсэу гъэсэным теухуа Іуэхугъуэ гуапэр къыхэзэгъэпэщам папщІэ фЫщІэ яхуищІащ, я зэдэлэжьэныгъэм адэкІи къыхэзрыпащэнур и фІэщ зэрыхъури къыхитъэщащ.

*Зыгъэхьэзырар* **МЭРЕМЫКЪУЭ Динарэщ.**

**Редактор нэхъыщхьэ**
**ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд**

**Редколлегием хэтхэр**

**Жыласэ Заурбэч** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **ЖьэкІэмыхъу Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Ширдий Маринэ** *(редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ)*, **Гъурыжь Мадинэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Истэпан Залинэ, Хьагъэ Маритэ, НэщІэпыдкэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщІемыщІ Иэз.**

**Езыгъэтхахэр**
**«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).**

**КъыдэзыгъэкІхэм я хэщІапІэр**
**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5**

**ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.**

**КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкі э - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдэзэкІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.**

**Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зыгъэхахэм нэху жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.**

**Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.**
**Тел.: 76-01-28, 76-01-10**

**Газетыр 1994 гъэм мэкъуэгуэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм №Н-0065-м щІэту яТхащ.**

**Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.**

**«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.**
**КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33**

*Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ:* **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Чэрим Марьянэщ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ)*, **Мырзэкъан ФатІимэ** *(3, 4-нэ). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 3.245 ● Заказ №1646**

***Дэ газетым и къыкІэлъыкІуэ номерыр къыщыдэкІынур шыщхьэуIум и 23-рщ.***